

ISSN 0132-9723

Аварский

# МагIарулай

4.2022



# РЕДАКТОРАЛЪУЛ КАЛАМ



# ГIУМРУ БУГО ГIАЖАИБАБ ТIАГIЕЛ...

Унго-унгояб лъай буго мактабалда малъанщинаб кIочон хадуб ракIалда хутIулеб жо.

*Альберт ЭЙНШТЕЙН*

Цо цебегIангоги хъван букIана дица нилъ тарихияб заманалъул гIадамал ругилан. Нилъеда цере лъугьунел руго дунялалъулго гIумру хисизабулел лъугьа-бахъинал.

Нилъер гIумруялъул суалазулъ бищун кIвар бугездаса цояблъун буго лъайкьеялъул суал. Гьенир хиса-басиял ккезе рукIин якъинаб иш буго. НекIого заман щун бугоан. Амма ахиралда кинаб хIасил гьел хиса-басиязул ккелебали – гьеб бугоха суал.

Нилъ рукIуна цебе школаздайила ВатIан бокьизе, чIахIиязул адаб гьабизе, гьитIиназул хIурмат гьабизе малъулаанилан. Лъазего лъачIого, гьеб кинабго тIагIун, лъугIун батана. Гьанже школа кIиабилеб рукъ гуро, мугIалимасда цебе бетIер къулулелги рихьулел гьечIо. Гьанже гьел школазда чIухIадго гимназиялилан абула, гьениб кьолеб лъаялъул лъикIаб рахъалдехун хисараб жо гьечIониги.

Гьел лъайкьеялъул идарабазда сверун ругел бахIсалги, унгоги кIвар бугел суалазда тIасан ругел бахIсал гуро. Дирго гIакълу гьечIолъи батила, амма бичIчIуларо гьаб «хинаб квеналда» сверун бугеб ахIи-хIур. Дицани школа некIого лъугIана, амма ракIалда буго гьениб кьолеб букIараб рахь: бидон цIун бачIунаан классалде, цо-цо ккун аскIореги ун, стаканалъубеги тIун, гьекъолаан. Школалде цIалдезе гурищ унел, яги кваназейищ? Радал лъикIго кванан школалде араб лъимер къаденахъе рокъоб кваназе бегьуларищ? Гьебищ лъайкьеялъулъ бищун кIвар бугеб суал?

Гьанже щибаб лъимер чара гьечIого дарсаздаса хадуб ине ккола репетиторасухъе. БатIияб рес гьечIо. Аслияб иш буго бизнес. Школалде щай хьвадизе кколелали лъаларо.

ТIад буссинебдайха Совет хIукуматалъул гъваридго ва чIобого киналго рахъал жанире рачараб лъай киназего кьей мурадлъун букIараб лъайкьеялъул система? Гьаб капитализмалъул заманалда букIине рес бугебдай гьединаб цIали-къали?

Лъайкьеялъул ишалъул бищунго кIвар бугеб жо буго, гьеб хIукумат цебетIеялъеги тIадегIанлъиялъеги хIалтIизабулеб экономикияб гуребги, идеологияб ва рухIияб рахъальги аслияб тIагIеллъун букIин. Лъайкьей, дир хIисабалда, лъил рукIаниги интересазе гIоло хIалтIизабулеб гIуцIилъунги букIине бегьуларо.

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:

ЭБЕЛАЛЪ ХИСАРАЛ СУХЪМАХЪАЗУХЪЕ… ................6



Бищунго гьесул ракIбекизабуна, базаралде-нахъе ячIунеб сухъмахъ эбелалъ хисун батидал.
- МугIрул чIужугIадан! Огь, дур гIасилъиги вахIшилъиги. Щай дуда кIочараб дудаго тIадаб борч? Щай бахъараб лъимадухъа эбелалъул сарин? Кьижун макьугIаги кин щвараб дуда, духъ инагьдулев дурго маулхIаятги тун!? ЦIияб гъасда бакараб цIияб цIаялъ цIакъгойищ хинлъизаюрай!? Бокьун букIун батила дуеги талихI. ГIайиб гьечIо. Амма васасухъа щай гьеб бахъараб. Щай хисараб духъ гIащикъав гьев данде векерун вачIунев вукIараб сухъмахъ. Щай, щай, щай?!...

ЛЪАБГО ЯЦ ...............................8



- Биччан те гьесда гьеб нижедаса рагIизе, кинав вукIаниги «лъикIлъи гьабулес» бицун рагIизегIан. Гьединисан ккани квешаб ругьун лъугьине бегьула васасул рекIелъ, хисизе бегьула психика. Дида гIемераз гьикъула кIудияв гIедал жиндирго эбел-эмер ралагьичIого теладай Мурадица абун. ХIинкъун гьечIо дун гьелдасаги. Гьединав гьайбатав вас гьаврурай гIадан ятани, дица баркала кьела гьелъие гьев нижее сайгъат гьавуралъухъ. Дица гьадинги щибаб къоялъ сахлъи гьарула гьей гIаданалъе, гьединго, дие кумек гьабурал опекаялъул хIалтIухъабазеги.

ЙОРЖУНАГО, КУРКЬБАЛГИ РИЖУН…… ......26



- Великобританиялде рачIине байбихьана Дубаялдаса гIемерал гIурус мацIалъулал эмигрантал, гьелги лъугьана нижго гIадин, гIурус мацIалъул школал ралагьизе, гьениб советияб къагIидаялъ лъай щвезе мурадалда. Пайнаца лъазабизе ккана компьютеразул хIалтIи ва гьединго ингилис мацI. ГIицIго цо Лондоналда бугеб лъабнусазаргоялдаса цIикIкIун гIурус мацIалъулазе «гIурус школал» чара гьечIого къваригIун рукIана.

СУЛЬГИЯ ХIАЖИЕВА……… ....29



КIиго соналъ рокъоса къватIиецин яхъинчIо. Амма камичIо кумекалъе ратулелги. Гьединаллъун ккана Маинаги Фатимаги ва гьез бикьана гьалмагъалъул ургъел, кьуна гьелъие къуват. Гьезул гIумруялдаги рукIана къварилъаби. Гьединлъидал бажарана Сульгияда жидерго хIал бичIчIизабизе. Гьелдаги гьел рагIана ва гIумруялде тIадюссана, сценаялде яхъана…

# Къисматлъун лъугьараб поэзия



ГӀурусазул лъикӀай шагӀир, Дагъистаналъул халкъияй поэт, республикаялъул Хъвадарухъабазул союзалъул председателасул заместитель, гӀурусалъ бахъулеб лъималазул «Лачен» журналалъул редактор, гӀемерал литературиял премиязул лауреат Марина АхӀмадова-Колюбакиналъ исана кӀодо гьабулеб буго 70 сонилаб юбилей.

**– Марина Анатольевна, кидал мун Дагъистаналде ячӀарай?**

– ТӀоцее дун гьание щвана 1976 соналъ, дир рос, аваразул шагӀир МухӀамад АхӀмадовасда цадахъ. Гьанже гьев лъала гьунар бугев хъвадарухъан гуревги, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул председатель хӀисабалдаги. Доб мехалда ниж кӀиялго цӀалулел рукӀана Максим Горькиясул цӀаралда бугеб Литературияб институталда. Хадур нижер гӀумрудул нухал рикьаниги, хутӀана гьудуллъиги, творчествоялъулаб цадахъаб ишги, фамилияги. Васги вуго нижер.

МоцӀгӀанасеб заманалъ рукӀана ниж Дербенталда, битӀахъе хъаладул къелъ гьабураб, гьесул гӀагарав чиясул квегӀенаб квартиралда жанир. Щибаб къоялъ ралъдахъе хьвадулаан некӀсиял, къоно ккурал къватӀаздасан. Гьеб заманалдаго бижана дир Дербенталдехун кӀудияб рокьи ва Дагъистаналда дие гьеб хасаб бакӀлъун ккола.

Цебехун лъабго кӀудияб шагьаралда гӀумру гьабурай дие, МахӀачхъала гьитӀинаб шагьарлъун букӀана, амма квегӀенлъиги берцинлъиги гьаниб гӀураб батана. Ниж рукъги ккун гӀумру гьабулел рукӀана Анжи щобда тӀад. Гьенисан цебе лъун бихьулаан ралъад. БачӀинахъего хӀалтӀизе лъугьана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалда. Гьанже, Родопалъул бульваралдаса унаго кина-щинабго бихьун, ракӀалде щола гьеб минаялъуб 40 сонaлдасаги ниж хӀалтӀулел рукӀин. Къоло щугогӀан соналъ дун хӀалтӀана, тӀоцеве дида жив литинституталда вихьун вукӀарав, Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХӀамзатовгун. Доб заманалда дида жеги лъалароан гӀумруялъул къисмат Дагъистаналда бухьине букӀин, амма тӀоцебесеб курсалдасаго гьедин ккезе бугеб гӀадинал

гІаламатал рукІана. ГІемерисел творчествоялъул гІадамалго гІадин, дунги божула гІаламатазда. Литинститутальул общежитиялда дида цадахъ ккана азербайджаналдаса поэтесса Динара Каракмазли. Щуго соналъ дун йикІана цебехун лъарагІазул поэтесса Шейит-Ханум Алишеваль жаниб гІумру гьабун букІараб рокъой. Хадур ниж лъикІал гьудулзабильунги ккана. ГІаламатал гуришха гьелги кколел?

**– Цоги щал машгьурал гІадамал мунгун цІалулел рукІарал?**

– Курсалъ дида цадахъ рукІана табасараназул шагІир Шамил Хьазиев, даргиязул драматург Раисат Ибрагьимова. Курсалъ церехун рукІана тумазул шагІир Казбек Мазаев, лъарагІазул шагІир – драматург Атав Атаев. Дагьалги церехун рукІана лезгиязул шагІир ва прозаик Расим ХІажиев, аваразул шагІир ГІабдула Дагьанов. Нугъаязул поэтесса Кадрия Темирбулатова йикІана общежитиялда рукъалъ аскІой. Хадусел курсазда цІалулел рукІана табасараназул шагІир ва прозаик Шахвелед Шахмарданов, даргиязул поэтесса Аминат ГІабдулманапова, лъарагІазул Супиянат Мамаева, Багьавудин Узунаев ва, гІолохъанго нилъедаса ратІалъарал, аваразул шагІир МухІамад ГІисаев ва тумазул шагІир ХІасан КъурахІов.

Литинститут доб заманалда букІана интернационалияб заведениелъун. Щибаб курсалда цІалулаан 50 студент: шагІирал, прозаикал, драматургал, таржамачагІи. Нижеда цадахъ къватІисел улкабаздаса гІолилазул курсазда цІалулел рукІана Монголиялъул вукІинесев президент, жидер мацІалде Михаил Шолоховасул асарал руссинарурав, Намбарын Энхбаяр, цІаррагІарав эфиопиялъул хъвадарухъан Фикре Толосса.

Нижер шагІиразул семинаралъе нухмалъи гьабулаан, гІемерал машгьурал кучІдузул автор, лъикІав инсан ва гІакъилав насихІатчи, шагІир – фронтовик Евгений Долматовскияс. Гьев вукІана гІажаибго лъикІаб хасияталъул ва хІикматаб къисматалъул чи. Байбихьаралдаса лъугІизегІан хутІана гьев КІудияб ВатІанияб рагъдаги…

Дун рикІкІунаан гІелбащадазда гьоркьой дагьай гІанчІайлъун, дица гурхІичІого какулаан цадахъ ругезул кучІдулги. Доб букІана рокьул ва гьудуллъиялъул хІенехІ ва гьединаб ахІвал-хІалалъ кумек гьабулаан гІолохъанал шагІирзабаз жидерго гьунаралъе цІакъго кІудияб къимат кьунгутІиялъе, гьел лъикІ ургъун хъвадаризе тІамиялъе.

Студенталлъун рукІарал сонал дида кІочонаро. Ниж гІемерал цере рахъунаан, творчествоялъулал сапарал гьарулаан. Гьедин щвана Алтаялдеги, Сибиралдеги, Северальулаб флоталдеги ва гьеб киналъго бижизабулаан шавкъги.

**– Дагъистаналде ва бакІалъул гІадатазде ругъунлъизе захІмалъанищ дуе?**

– ГІолохъанаб мехалъ кинабго бигьаго букІуна... ГІумру абизегІан рес рекъараб букІинчІо. Ккураб рукъ букІана гьитІинаб. Амма гьалбал рукІунаан гІемералги лъикІалги. Дагъистаналъул кечІ хъвалев щинав чи вакІарулааан нижер гьитІинабго рокъоре..

Лъимерлъуда дида Дагъистаналъул хІакъалъулъ щибгІаги рагІун букІинчІо, амма кІодоэбелалъул рокъоб гІемераб букІана Кубачиялъул тІагІалаби. Байрамкъояз къватІире рахъулаан ва гьедин ракІалда чІараб рагІиги букІана Кубачи.

Дагъистаналде дир рокьи бихьарабго бижана ва киданиги ракІ бухІун лъугьинчІо гьание кканилан. Дида ккола дунгоги востокалъулаб тІабигІаталъул гІадан йигилан, гІуна бихьиназ бетІерлъиги гьабулеб, гІемераб жо гьукъулеб хъизаналда.

Дун гьаюна Челябинскиялда, гьенибго ана цудунаб лъимерлъи. Берцинаб тІабигІат буго гьенибги. Гьединлъидал дунги ккола Уралалъул мугІрузул яс. Хадув эмен витІана хІалтІизе Харьковалде. Гьений яхана дун балугълъиялде. Школа лъугІигун дагьалъ цІалана Челябинскиялъул пединституталда, хадуб анкьго соналъ йикІана Москваялда литинститутальул студенткалъунги…

Гьедин дирги гІуна лъабго батІияб гьитІинаб ватІан: Россия, Украина, Дагъистан. Уралалда руго дир цересел гІагарал чагІиги гьудулзабиги, Украиналда хутІана бищунго дие хирияй гІадамазул – инсулги, эбелалъулги, вацасулги хобал. Дагъистаналда бухьараб ккана дирго гІумру. ГІурусай хІисабалда, дица дагъистаниязул гІемераб лъикІаб жо босана. Сундасаго цебе хІаракат бахъула гІадамазе пайдаяйлъун ятизе. РакІалде ккола дихъа гьеб лъугьунебги бугилан.

Дун ячІараб мехалда МахІачхъалаялда гІемерал гІурусал рукІана, амма щаялиго дир гьалмагъзабилъун киналго дагъистанияй ккана. ГІурусазул диргун гьалмагълъи ккурал чагІи рукІана цадахъ хІалтІулев Владимир Носовги, тІахьазул издательствоялъул редактор Лариса Голубеваги.

Дагъистаналде ячІаралдасаго дие кумек гьабуна Расул ХІамзатовас. Гьеб абуни кутакаб иш букІана. Дица гьесие кидаго баркала кьола кинабго щвараб лъикІлъиялъухъги гьание ячІаралдасаго жиндирго кучІдул гІурус мацІалде руссинариялъе гьабураб божилъиялъухъги.

Нилъ кинацаго цІалула Расул ХІамзатовасул «Дир Дагъистан» тІехь. Щивав дагъистаниясул гьеб жиндирабгоги буго. Дирги буго гьеб. Дица гьелде тІаде жубалаан цоги эпитет – «гІагараб» абураб. Дир гІагараб Дагъистан! Дагъистаниязул гІадатияб культураялде дун ругьун гьаюна гьалмагъ Луиза Ибрагьимоваль, баркала гьелъие гьеб киналъухъго. Гьединлъидалги батизе бегьула, росасул эбел-эмен – гІадатиял захІматчагІи АхІмадилгун ва ПатІиматилгун, гьесул Гьонодаги Гьунирги



ругел вацазулгун ва яцазулгун дир цIакъ лъикIаб гьоркьоблъи лъугьараб.

Гьанже къватIир дандчIвалел лъалел-хъвалел гIемерисез дида Марина Ахмедовнаянги абула Анатольевналъул бакIалда, дицаги гьел ритIизаричIого тола, букI абе гьедин, дица хIурмат гьабулеб букIарав вакьад АхIмад ракIалде щвеялъе.

**– Исана кIодо гьабулеб буго цоги юбилей – Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиева гьаюралдаса 90 сон тIубай…**

– I980 абилеб соналъул байбихьуда дагьаб заманалъ дун йикIана Луиза Ибрагьимовалъул бакIалда, «Советияб Дагъистан» журналалъул литератураялъул ва искусствоялъулаб отделалъул заведующаялъул ишал тIуразарулей. Ва къойилго гIадин дандчIвалаан «МагIарулай» журналалъул бетIерай редакторлъун йикIарай Фазу ГIалиевагун. Доб мехалда кIиябго гьеб редакция Горькиясул къотIноб цо минаялъуб букIана ва Фазу ХIамзатовналъ хIалтIуде ячIиндал нижее киназего рорчIамиги кьолаан. Гьединго ниж гIемер рихьулаан хъвадарухъабазул Союзалдаги цогидал бакIазда данделъабаздаги. Ниж гIолохъаби хIайранлъун рукIунаан гьелъул бадиб абулеб каламалда ва жиндирго пикру цIуниялда. Гьебго заманалда, бахIсазда ва дагIба-рагIиязда Фазуца киданиги чи гIодовегIан гьавураб рагIиги биччалароан. Гьалмагълъи абуни нижер ккана гьелъул гIумруялъул ахирал соназда, дица гьелъул кучIдул гIурус мацIалде руссинаризе байбихьидал. Фазуца дихъе гIемер ахIулаан, цIалулаан жиндир цIиял асарал, гьикъулаан литературияб дунялалда лъугьа-бахъунеб. Гьей унтидал Шейит-Ханумги дунги гьелъухъе гIемер щолаан ва бихьулаан захIматаб унти гьелъ бахIарчилъиялда хIехьолеб букIин.

**– Дунял бихьизе бокьулищ дуе?**

– Кутакалдаха, гьитIинаб къоялдасаго. Дагьалъ цебе Италиялда къватIибе бачIана дир «ХIикмалъараб тIамач» абураб тIехь. «РикIкIадаб дандерижи» абураб поэмаялда дица хъван букIана нижер хъизаналъул тарихалда жаниб нилъер улкаялъул тарихги географияги бихьизе бегьулилан. Дир цереселго умумул Колюбакинал XIX абилеб гIасруялда Кавказалда хъулухъ гьабулел рукIана. Гьезул цояв кколаан Миргородалдаса, цогидав Симбирскалдаса. КIудада вукIана пачаясул офицер, тIоцебесеб дунялалъул рагъул гIахьалчи. Хадувги гIахьаллъана гражданазулаб рагъулъ. Гьеб лъугIун хадув, Тулаялда гьаюрай дир кIодоэбелгун ккун вуго Сибиралде ва гьенив гьавун вуго дир эмен. I937 соналъ кIудадаги кIодоэбелги репрессиялде ккун руго ва гьел ритIухъ гьаруна I956 соналъ. Эмен дир, I94I соналъго, Москваялъул маххул нухлул транспорталъул инженеразул институталъул тIоцебесеб курсалдаса витIун вуго рагъде. Гьенив кIиго нухалда захIматго лъукъун вуго ва рокъове вуссун вуго гIунсбигун. Эбелалда бихьун буго Ленинградалъул блокада ва, талихIалъ хвалидасаги йорчIун Челябинскиялде арай, гьениб лъай-хъвай ккун буго инсулгун. Хадуб эбелалъул кинабго гIагарлъи буссана Ленинградалде. Гьединаб буго география ва кинабго батула дир кучIдузулъ.

**– Дурго поэзиялъул гьунар дуего кидал рагьараб?**

– КучIдул хъвазе дица цIакъго гьитIинго байбихьана, жеги цIализе – хъвазе ругьунлъилалдего лъугьана гьел гьаризе. Дир кIудадал вацгIалас блокноталде росун, нахъе цIунунги ратана цо-цо «Маринал кучIдул». Эмен дир вукIана инженер, поэзияги бокьулаан ва гьес дир пагьму-гьунар цебетIезабиялъе кумекги гьабуна. Инсуца ячана дун Харьковалъул пионеразул рокъое. Гьениб букIана лъималазул литературияб цольи. ТIоцее Харьковалъул гIолохъанал хъвадарухъабазул данделъиялде ахIараб мехалъ дир букIана I5 сон. Гьенир дир кучIдул рекIее гIуна ва творчествоялъул гIумруялде нухги рагьана. Микьабилеб классалда дун дирго кучIдулгун цее яхьана Харьковалъул телевидениялдаса, амма печаталда гьел Украиналъул мацIалда рахъана, гIурус мацIалда рахъулел газеталги журналалги Харьковалда рукIинчIого.

**– Кинал тIахьал дуца цIалулел рукIарал?**

– БатIи-батIияб ригьалда батIи-батIиял рукIана гьел. ГьитIинаб мехалда дица сураталги лъикI рахъулаан, бокьун букIана историялъул специалистлъун яхьине, археологиялда гьорлъе ккезе, хадуб анищ букIана океан лъазабизе, хIатта хIадурлъулей йикIана Ленинградалда ралъадазул училищеялде лъугьинеги,



амма гьедин хутIана, литератураялде цIайи киналдасаго цIикIкIана.

**– Творчествоги хъизанги кин рекъон ккезабулеб, гьеб цадахъ бачине захIмалъулищ чIужугIадан – шагIиралъе?**

– ЧIужугIаданалъе кинабгIаги заманалда бигьаго букIунеб батиларо. ЗахIмалъи баччизе гьезда тIабигIаталъго тIадаблъун гьабун буго. Рукъалъул жавабчилъиги, гIагаралщиназул ургъелалги, унти бикьиги, рохел гIахьал гьабиги ва цогидабги буго нижеда тIаде кколеб. Дагъистаналда хъизан – кIудияб кIвар жиндир бугеблъун кколелъул, гьелъулъ буго нилъер къадруги къуватги. Поэзия абуни бижула жибго. ЛъикIал кучIдул лъугьуна рекIеда бакIлъараб ахIвал-хIалалда.

**– Мун лъала лирик хIисабалда, гьеб лирикаялъулги буго кутакаб гIатIилъи. Кин дуда гьеб киналъего гIураб шавкъ батулеб?**

– «ШагIирасул букIунаро хъулухъ. ШагIирасул букIуна къисмат», – абун хъвана Блокица. Гьеб шавкъ букIунеб батила нилъерго гIумруялъул, халкъалъул, ватIаналъул къисматалъулъ. «КучIдул хъваларо, гьел лъугьуна» – ян абуна, Москваялда нижер вукIарав насихIатчи Андрей Вознесенскияс. Амма гьел лъугьине кканиги шагIир вукIине ккола, къисматалъухъ балагьичIого, поэзиялъе ритIухъавлъун. Поэзия къисматлъунги ккезе бегьула, амма къисматалъул поэзия лъугьинабизе захIмалъула. Кидаялиго, «Кавказалъул тетрадь» абураб дир тIехьалъулгун лъай-хъвай гьабулаго Фазу ГIалиевалъ абун букIана: «Маринал шагIиралъулаб биография гьечIо, гьелъул буго шагIиралъул къисмат»… – илан. Гьелде тIаде жубазе жоги гьечIо.

**– Дагъистаналда мун цIикIкIун таржамачIужу хIисабалда лъалин абуниги мекъи ккеларо. Мунго тIад хIалтIарал кинал асарал лъикI ракIалда хутIарал?**

– Унго-унгояб творчествоялъулаб бухьен дир букIана Расул ХIамзатовасулгун. Гьесул «АхIулгохI», «Унеб буго суд», «Концерт», «Къого сон баразул хIакъалъулъ кечI» абурал асарал рукIана цадахъаб хIалтIул жавабияб бутIалъун. Дица руссинаричIел шагIирзаби абуни Дагъистаналда дагъал ратила. БатIи-батIиял сонazда республикаялъул басмаханаязда къватIире риччана дица руссинарурал гьадинал шагIиразул тIахьал: Расул ХIамзатов, Етим Эмин, Ирчи Хъазак, Сулейман СтIалский, ЦIадаса ХIамзат, Юсуп Хаппалаев, Анвар ХIажиев, МухIамад ХIамидов, Хизгил Авшалумов, МутIалиб Митаров, Ханбиче Хаметова, ГIабдула Дагъанов, Байрам Салимов, Салимат Къурбанова, Шейит-Ханум Алишева, МухIамад АхIмадов, Джаминат Керимова, Залму Батырова, Кадрия, Аминат ГIабдулманапова, Сувайнат Кюребекова ва гIемерал цогидазулги. Дир баркала буго республикаялда тилмач хIисабалда къабул гьаюралъухъ ва гьелдаса чIухIула. ЧIухIула дие «Дагъистаналъул поэзиялъул антология» абураб тIехьалъухъ щвараб Дагъистан Республикаялъул Пачалихъияб премиялдасаги.

**– Гьанже шагIирзабазе захIматго буго гIумру гьабизе. Пачалихъалъ нужее гьабулеб кумекги батиларо, советияб заманалда гIадин…**

– Унгоги. Доб заманалда тIехь бахъулаан пачалихъалъул басмаханаязда, кIудияб тиражгун. Дир тIоцебесеб, Расул ХIамзатовас цеберагIиги хъвараб, «Инсул рукъ» абураб тIехь бахъун букIана Москваялъул «Современник» басмаханаялда I0 000 тиражгун (гьанже тиражал рукIуна 200 – 300 тIехь). I983 соналъ Расул ун вукIана Рималде ва гьесие щун букIана «XX абилеб гIасруялъул бищун лъикIав поэт» абураб премия. Гьениб «Советияб тIехь» абураб тукада гьесда батун буго жинца цеберагIи хъвараб дир тIехь ва босунги буго. Гьелда гIажаиблъун вукIана Расулги гIажаиблъун ккана дунги.. Хадусел соназда дица къватIире риччана къогоялдаса цIикIкIун тIахьал, амма гьел киназулго букIинчIо тIоцебеселда бащадаб рохел.

Гьанже поэзиялъул тIахьал дагъал рахъула ва ричизе захIмалъула. Тиражал руго цIакъго гIисинал. Киназулго гуро рес рекъолеб гьел жидерго гIарцухъ рахъизеги. Амма кин букIаниги, литературалъулги хъвадарухъанасул рагIулги хIажалъиги кIварги буго…

**Гара-чIвари гьабуна**
**ГУЛЬНАРА АСАДУЛАЕВАЛЪ**

# Эбелалъ хисарал сухъмахъазухъе

*(ХІакъикъияб къиса)*

Гьалеха, гІагараб росу, ахир-къадги вуссунев вуго дун духъе. Дуда берчІвайдал, тІолабго черхалда бараб сириялъ сорозавулеб вуго. Пикрабиги гьелчелел руго. Гьез цин восун гІумруялъул гІурул рагІалде рехулев вуго, цинги – лъелъ вукъизавулев вуго, цо заманалдасан, гьенисаги восун, лъеда тІадго лъедолев толев вуго, цинги - гІумруялде ккараб савуялъги къисматалда чІвараб цІералъги восахинавулев вуго. Ва цо лахІзаталъ гІунун хутІула, гІицІтолохІочун хутІарал пикрабазда анищазул партал ретІунев. Киве дун гІедегІун унев вугев? Щив халккун чІун вугев дун вачІиналъухъ?

Эбелалъ хисарал сухъмахъалищ?

Унго-унголъунги, рес бугебани дир, речІчІун туманкІгун чиякълъи чІван рехизе. Бугониги, гІагараб тІалъи, дун духъе вачІунев вуго. Къабул гьаве, духъе нух къосун, къваридаб къисматалда гъалатІаз мугъру чІварав дурго ТІалхІат, - гьединал пикраби каранлъги ботІролъги гьалдезе лъугьана гІумруялъул гьоко тІаса гъоркье гирулеб бугев, берцинаб гьурмада херлъиялъ жиндирго суратал рахъулев вугев, ботІрол расазда хасалил кьер чІвалеб вугев инсан.

Гьесда ракІалде ккана цин хабзалалъе щвезе. Угьун хІухьелги биччан, магІуялъе эркенлъиги кьун, тІамуна гьес росдал хабзалалъе бакІал галаби. Гьалеха гьев урхъун рукІарал инсулги эбелалъулги хобал. Инсул зaниялда къвалги бан, эхетун вугев ТІалхІатида цебе чІолеб букІана гьесул согІаб сипат, амма инсул къвараpаб балагьиялъ цІураб гьурмада цІакъ рекъон ккун рукІана цохІо вугев васасде бугеб рокьул цІурал берал. Гьелги гьимулел ругин кколеб букІана ТІалхІатида. Гьесда бицине жо гІемер буго васасул. Гьелъие гьанже гІураб заманги буго – гьев тІубанголъидал тІадвуссун вачІун вугев. Гьале гьабцояб хьолбохъ эбелалъул заниги. РакІгъанцІулеб сихІкъотІи. Гьев хІинкъулев вуго вагъаризегицин. Гьасда рагІулеб букІана дунялалдаго бищун хІасратаблъун ва хІайранаблъун букІине рес букІараб, амма анищлъун хутІараб эбелалъул гьаракь. Гьелъ ахІулеб, гьарулеб бугин кколеб букІана:

- ТІаса лъугьа, дир вас, - илан.

Гьеб лахІзаталъ накІкІаз бакъги бахчана, пириги пирхана, зобалги гъугъадана, гьегъ гІадин, гороги бана. Гьеб батизе ккола эбелалъул гьаракьалъ васасе гьабураб лазат. ТІалхІатица къвал бана эбелалъул заниялда. Ва гьесул пикраби роржана кьогІаб лъимерлъиялде.

Гьале жакъаги радалго байбихьун бихьула гьаз дагІбадиялдейиланги абун, берал кІвекІизе лъугьана макьидаса вигьине кІоларого вугев гьитІинав ТІалхІат. Гьасда къойил рагІун чІалгІун букІана инсулги эбелалъулги дагІба-къец. Цо-цо мехалда рокъоса лъутизецин ракІалде кколаан гьасда.

Амма кивеха лъутилев вукІарав гьев чиякълъиялъ некІогоялдаса къвал бараб гъасдаса.

Цо къоялъ туснахъ гьавизе вачун арав эмен тІокІалъ вихьичІо ТІалхІатида. Хурул гІорхъи сабаблъун хурул мадугьалгун вагъизе ккарав гьес мадугьаласул бетІер бекун буго, речІчІун кІудияб гІадаб гамачІгун. Гьел лахІзатаз ТІалхІатидаги речІчІана къисматалъ кІудияб гьорчо. КІвечІо Рукъигатида гІумруялъул бакІаб гьир баччизе. ГьитІинав ТІалхІатги якьадалъухъ тун, мадугьалихъ бугеб росулъе росасе ана гьей. Нажабатица къоборхана, цохІо вугев васасул цого цо вугев вас ТІалхІат хьихьизе. Гьес гІемер пикру гьабулаан эбелалъулги гьелда цадахъ, жинде кверги хьвагІун, араб талихІалъулги. Макьил тІагІамги билана гьесул, цо-цо мехалда рогьинегІан кьижизеги кІолароан, пикрабаз васвасун валев вукІана. Гьесиеги бокьун букІана, бабаца гурони кьолареб, гьелъул кодоб гурони кьурдулареб талихІалъул тІагІам цІузе. Зама-заманалдасан магІиеги эркенлъи кьолаан гьес. Гьудул-гьалмагъзабигун гІемер унаан гьев росдада аскІоб бугеб гІалахалде васандизе. Гьале гьанисан доле доб тІарада бугеб росулъе унеб сухъмахъалъ йикъун ана ТІалхІатихъа баба.

ТІалхІатида лъалаан росдал рагІалда бугеб сухъмахъккун, мадугьалихъ бугеб росулъан эбел базаралде унейлъи. Цо-кІиго нухалда щвана гьасие эбелалъ базаралдаса босараб тІагІам кваназе.

Амма гьитІинав ТІалхІатида ракІалдецин кколеб букІун батиларо кватІичІого эбелалъ сухъмахъ хисизе букІин, ва гьелдаса хадуб эбелалъул сариназ жиндир къисматалда согІал нугІазул лъалкІал тезе рукІин.

Ва гьале цо къоялъги лъималгун цадахъ гьебго гІалахалде васандизе арав гьесда рикІкІадасанго йихьана ракьалда бищунго хирияй гІадан. Гьей цогидал руччабигун цадахъ сухъмахънухккун эхеехун ячІуней йикІана. ТІалхІатие бокьун букІана, бабайилан гьаркьалги гьарулаго, данде векерун ине. Амма гьеб бакІалдаго гІунун хутІана гьев. ГІагарлъанагІан, чиярлъулей йикІана гьесие эбел. КІалдиб бохьахъе эбелин абураб рагІиги хутІана. Эбелалъ хІаракат бахъулеб букІана, гьев вихьичІеб ххвел гьабизе.

- Рукъигат, гьедигІанго намус тІагІун йикІине бегьилищ, гьарин, мун. МалъгІанасев васасда ккараб гІайибгІаги щиб? – илан абун, руччабаз гьелъие гьабулеб бадибчІваялъухъ гІенеккун хутІарав гьесул бадиса гьоло-гьоло гІанасеб магІу гирунго гирун бачІунеб букІана.

ТIалхIат рокъове лъутун ана, ва рагъида бакъалда гIодойги кIусун квас самулуй ятарай Нажабат кIодол накабазда бетIерги лъун, гIод-гIодун виччан тана.

Бугониги, зама-заманалдаса ракIалъги гьенир гьунарого ругел пикрабазги ТIалхIат вачунаан доб сухъмахъалде. Гьесие бокьун букIана рикIкIадасангIаги эбелалда берчIвазе. Гьесда лъалаан гьеб къоялъги эбел базаралдаса тIад юссун ячIунеблъи. БакъинегIан кIалдиб лъезе богIоллъиялъул гьитIинабцин кесек щвечIев гьесие бокьун букIана эбелалъ базаралдаса рачIунел нигIматазул хIалбихьизе. ЯхIго гьабизе кIвечIого, гьев эбелалде данде векерана. Гьесие бокьун букIана гьелъул горбода хурхун, данде гьейги къан, цодагьалъ сихIкъотIун чIезе. Амма эбелалъ нахъегIан цуна гьев, дудаса бугеб квешаб махI щибиланги абун. Гьеб параялъ къисматалъ цоги нухалда гьитIинав ТIалхIатил гьурмалъ хъат кьабуна. Квешабин эбелалъ абураб гьеб махIги букIана гьелъул каранда кIетIелеб букIараб, амма гьезего гьечIеб рекIеца къватIибе кьолеб махI.

- Гьадай гIадан дир эбелгIаги йигодай? Щайха долъие дун вокьулев гьечIев? Дов жиндирго цIияб росулъ вугев дир гьитIинав вацако вокьулагури гьелъие. Дида ккараб гIайибгIаги щибдай? ГIорцIизегIан кваназе ресгицин гьечIо дир, - илан абун, угьун риччалел къоял гIемерлъана гьесул гIумруялъулъ.

Свана гьесул рекIелъ цохIо эбелалъ гурони бакулареб чирахъ. Галадана цохIо гьелъ гурони кьезе рес гьечIеб талихI.

Бищунго гьесул ракIбекизабуна, базаралде-нахъе ячIунеб сухъмахъ эбелалъ хисун батидал.

- МугIрул чIужугIадан! Огь, дур гIасилъиги вахIшилъиги. Щай дуда кIочараб дудаго тIадаб борч? Щай бахъараб лъимадухъа эбелалъул сарин? Кьижун макьугIаги кин щвараб дуда, духъ инагьдулев дурго маулхIаятги тун!? ЦIияб гъасда бакараб цIияб цIаялъ цIакъгойищ хинлъизаюрай!? Бокьун букIун батила дуеги талихI. ГIайиб гьечIо. Амма васасухъа щай гьеб бахъараб. Щай хисараб духъ гIащикъав гьев данде векерун вачIунев вукIараб сухъмахъ. Щай, щай, щай?!...

Гьале жакъаги щвана ТIалхIат эбелалъухъе. Гьелъул зонода къвалги бан, пикрабалъе ккарав гьесда цебе жакъаги чIолеб батила эбелалъул сипат. Жакъаги урхъун вуго гьев ахIун рахъинчIел эбелалъул сариназухъ.

Щвела ТIалхIат жндирго лъимерлъи араб, чиякъго хутIун букIараб минаялъуве. Щиб лъалеб, гьениве щведал, чIаголъизе бегьула гьесул пикраби, цIидасанги тIирщизе бегьула гьел, ва цIидасанги талихIалъ жиндирго кваркьидакье вачина ТIалхIат. Амма гьес жеги-жеги такрар гьабулеб буго жаваб киданиги рагIизе гьечIеб суал – щай хисараб эбелалъ доб сухъмахъну…

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**



РУЧЧАБАЗУЛ КЪИСМАТАЛ



# ЛЪАБГО ЯЦ

Гьаниб жидер хIакъалъулъ бицунел яцал Анаханум, Гульбахар ва Динарал гIагараб росулъе – Хив районалъул Кандикалде унелъул нухда циндаго ракIалде бачIана Чеховасул «Лъабго яц» абураб асар. Амма хадуб, гьел руччабазул ккараб кьогIаб къисматалъул хIакъалъулъ хабар рагIидал, бичIчIана доб классикияб асаралда гьазул гIумру гIемерго релълъун гьечIеблъи. Цо бугони, гьел яцазул вуго вац, гьевги цохIо гуро, щугоял вацал. Лъалеб – табасараназул хъизанал чIахIиял рукIунеблъи. КIиабилебги дандекквезе бегьунгутIи – захIматалдехун ва захIматалъулал гIадамаздехун гьезул бугеб бербалагьи. РакIалда бугищ, Чеховас абураб? «Чиясда бихьизе ккола захIмат, хIалтIизе ккола гьурмада гIетI баледухъ, щив гьев ватаниги, ва гIицIго гьелъулъ буго чиясул гIумруялъул магIнаги, талихIги, рохелги».

Гьединабго щулияб гражданазулаб бичIчIиги балагьиги буго гьал руччабазулги. ЗахIматго гIадин бокьулеб буго гьезие гIагараб улкаги. Гьединаб тарбия гьезие кьун буго умумуз – Сафар ва Агъамурад Рамазановаз.

## КIИАБИЛЕБ ГIУМРУ

Гьезул хъизаналъе хасиятаблъун буго цоцазул хIурмат гьаби, гъункун рукIин, кидаго цоцазе кумекалъе хIадураллъун рати. Гьелъулъ буго гьезул бечелъиги.

I4 соналъ цебе яцазда гьоркьой кIудияй Анаханумица жиндирго ургьисала кьун буго, гриппалъ захIматго унтун кIиябго гьеб чIчIарав, вац Мавзудиние. Гьелъие хIадурал рукIана киналго вацалги яцалги, амма гьелъулаб гIадин кинабго рахъ рекъараб цогидазул гьечIоан…

- Операция гьабуна СахлъицIуниялъул министерствоялъул квотаялда рекъон Москваялда, ургьимес хисиялъул гIелмияб институталда. Операция гьабун хадув кIиго анкьидаса вац къватIиве виччана ва хадув кIиго моцIалъ сахлъизавулевги вукIана. Гьесул букIана 42 сон ва дун цIакъ ургъел ккун йикIана киндай гьев вукIина хадувян. ТалихIалъ кинабго лъикI ккана. Мавзудин ккола профессионалияв художник, гьес лъугIизабуна художественияб училищеги ДГПИялъул худграфги. Нижеца гIумру гьабулеб буго Дербенталда ва хIалтIиги гьесул буго цIулада накъищал гьари. Дица вацасе ургьисала кьуна щибго нахъе къай гьечIого, щайгурелъул доб заманалда дун росасдаги йикIана, гIолеб кIиго лъимерги букIана, хадусел яцазул абуни гьеб кинабго цебе букIана. Вац унтилалде кIиго моцIалъ цебе дида бихьана макьу, гьесул гIумру дида бараб букIине бугилан абураб, – илан бицана Анаханумица.

– Лъалищ, Москваялда ва гьанир камун рукIинчIо гIадамал гьадинго кьунадай дица ургьисала вацасе абун щакдарулел. ХIал гьабун тIамичIодай дун гьеб гIумруялъе ва сахлъиялъе хIинкъи бугеб иш гьабизе яги бичизе хIажалъи букIинчIодай абун ургъулелги рукIана.

## ЦIИЯБ ГIУМРУ

Гьединго хIикматаб ва захIматаб буго кIиабилей яц Гульбахарилги къисмат. Гьей ригьнаде юссун йиго цадахъ классалда цIаларав ва мадугьалихъ гIурав гIолилавгун. Гьавун вуго кIиго вас. ГIумру гьабулел рукIанила щибго къварилъи лъачIого, амма гьеб ракIалдаго гьечIого бачIун буго. ГьитIинав вас унтун вуго лейкемиялъ ва хIажалъун буго рокьол нах хисизе. КIудияв вацасулги гьеб гьитIинасе данде ккун гьечIо. Гьениб хвасарлъи жибго бачIун буго: Гульхабарида лъан буго жий лъимаде йигеблъи ва хьул бижун буго лъабабилеб лъимер унтарав васасе донорлъун вукIине бегьулев гьавиялда. Хадуб баянлъун буго кIиго лъимер цадахъ гьабизе букIинги. Гьезул цояб лъимадул рокьол нахги вацасе рекъараб батун, гьес вацасе рес кьун буго цIидасан гIумру гьабизе.

## КЪВАРИЛЪИ ЦОХIО БУКIУНАРО

ГьитIинай яц Динара ана Гульбахарил росасул вацгIаласе. Гьедин кIиго яц ккана Кандикалда жидер къадру кIудияб ИсмагIиловазул тухумалъул нусабилъун. ГIумру букIана гьудуллъиялъулаб, хIалтIулаан цадахъ ва магIишатги рекъон гьабулаан. Гьанже гьезул щиялъул буго щугоялдаса цIикIкIун бетIер боцIулги 25 гIанасел гIиялъажалги, тIаде хъазал, гургурал, гIанкIуял ва гьединго ах-хурги. Гьедин гьабула росулъ гIумру киназго. БатIияб хIалтIи гьениб гьечIо.

Гьедин унел рукIана сонал, амма гьитIинай яцалъе гьаричIо лъимал. АнцIго соналъ бажарараб щинабги гьабун, медицинаzлъул кумекги щвечIого ракI буссиндал, Динарацаги росасги хIукму гьабуна хьихьизе лъимер балагьизе. Гьеб букIана кIудияб иш! Щвана гьезие гьабун анлъго къо бараб лъимер. Динараца

бицана гьеб букIанила жиндир гIумруялда жаниб бищунго жий йохараб къо. Гьанже гьезул васасул буго II сон. Гьев школалда цIалулев вуго, аниоал руго тохтурлъун вахъине. КIудияб тухумалъул гIадамал сах-саламат рукIиналъе тохтур къваригIун вугилан руго гьелги.

Гьанже Динараца гьабун буго цоги кутакаб иш. Росасги гьелъги васасда бицун буго жал мун гьавурал эбел-эмен кколарилан.

- Биччан те гьесда гьеб нижедаса рагIизе, кинав вукIаниги «лъикIлъи гьабулес» бицун рагIизегIан. Гьединисан ккани квешаб ругъун лъугьине бегьула васасул рекIелъ, хисизе бегьула психика. Дида гIемераз гьикъула кIудияв гIедал жиндирго эбел-эмер ралагьичIого теладай Мурадица абун. ХIинкъун гьечIо дун гьелдасаги. Гьединав гьайбатав вас гьавурай гIадан ятани, дица баркала кьела гьелъие гьев нижее сайгъат гьавуралъухъ. Дица гьадинги щибаб къоялъ сахлъи гьарула гьей гIаданалъе, гьединго, дие кумек гьабурал опекаялъул хIалтIухъабазеги. Гьей гIаданалъ жеги гьадинал лъимал гьаруни, гьелги гIезаризе хIадурай йиго дун. Дие бокьилаан Мурадил вацги яцги рукIине. Нижер тухумалда жаниб гьечIо гьел тIулбикьаралги бикьичIелги вацгIал – яцгIалзаби ратIа гьарулеб гIадат, киназго гIумру цо хъизаналъ гIадин гьабула, - ян абуна Динараца.

- ГIемер букIуна лъимер ккечIони хъизан биххиги. Ккола чанги хадуб гьел кIиязего лъимал гьариялъул хIужабиги. Нижедаги абулеб букIана ратIалъизе лъикIилан. Амма ниж цоцазе хириял руго, гIемерал соналги цадахъ ран, ниж цоялъул кIиго бащалъи гIадин ккана. ЛъикIав рос вуго дир. Гьекъоларо, магIишат гьабула, квешал гIамалал гьечIо…

## КIИАБИЛЕБ КВАРКЬИ

Яцал Анаханумие, Гульбахарие ва Динарае гIумрудул битI ккун буго лъикIал росалги щун. Гьел руго кIиабилеб кваркьилъун ккун киналъего ва кидаго кумекалъеги ратула. Мисалалъе, вацгIалзаби ИсмагIиловал кидаго цадахъ рукIуна ва кIвараб щинаб хIалтIи лъудбузе кумекалъеги гьабула. ГIемерал бихьиназ гIадин, гьеб руччабазул иш бугиланги абун, щибниги гьез толаро.

Анаханумил рос хIадурав вукIана, лъадул сахлъиги цIунун, дов вацасе ургьисала жиндирабго кьезеги… ГIуна гьезул васалги, ана соналги, васазеги гьаруна лъимал. Хадув циндаго, хъахIаб рас бакгидал, хисун ккана Анаханумил рос: цонухалда гIарац гьабизе цогидаб регионалде арав гьев рокъове вуссинчIо, цогидай гIаданги ячун гьенивго чIчIана…

## КУНАЗУЛГИ КВЕРАЗУЛГИ КЪИСМАТАЗУЛ ЖЕМА - КЪАЙ

Анаханум гьеб мехалда тохлъичIо, тамахлъизе течIо гьей яцал – вацазги. Гьей йиго талихIай эбел, тIалаб – агъазалъулай кIодјэбел ва хIурматай, киназего йокьулей кIудияй яц. ГIемер щола гьей гIагараб Кандикалде. Табасараназул киналго росабальго гIадин, гьенибги щибаб рокъоб батула халича бессулеб алат. Яцалги, рукъалъул хIалтIабиги тIуран, умумузул гьеб ракIгъураб ишалда гIемер рукIуна. Гьез лъабазго цадахъ лъугьун гьабун буго 50 кIудияб халича, сумахъазул къадарго кIочон буго, гьединго гIисинал халичабиги рессун руго гIемерал. Лъабайго яц цо бакIидаги кIусун цадахъ халичаzлда квалквадулелъул, гьезул рекъон хIалтIулеб анлъабго кверalъул доб индиялъул анлъго квер бугеб хIикматав Бечед – Шивал кверазул гIадинаб сурат лъугьуна.

Гвангъарал кьеразул куналги гьенир яцазул къисматал гIадин цоцалъ журала, гьезул лъугьуна берцинаб накъищ ва лъикIаб халича. Гьединабго, хIал рекъараб ва ракIал жураб буго яцазул гIумруги ракIазул гIагарлъиги.

## ХЪИЗАНАЛЪУЛ КЪИМАТ

Лъабайго яцалъ цо кIалдисан гIадин абуна жидеца лъималазе тарбия кьолила гIагарлъиялъул къимат гьабизе, киназдаго аскIор сабуралльун ва хIурмат цIунаралльун рукIине кколилан.

ГIагарлъиги ккун, хъизаналъул къиматги гьабун рукIине лъай бугила кIудияб багьаялъул гIамал-тIабигIат ва киназдаго кIочене бегьулареб гIаламат, – илан абулеб буго яцаз. – ГIагарлъиялъулгун гьоркьоблъи букIине кколила щулияб, тухумалъул къимат гьабизе лъазе кколила чIахIиязда ва гьез гьеб гIисиназдаги малъизе кколила. Щай гурелъул хъизан гьеб гIицIго эбел – эменги лъималги гурила, гьеб бугила кIудадаги, кIодоэбелги, имгIалзабиги? ункъачабиги, вацгIал – яцгIалзабиги. Гьел киналго цадахъ ругони батулила гIумруялъул талихIги. Гьединаб буго, Хив районалъул Кандик росулъа, лъабго яцалъул гIумруги къисматги. Гьезухъа бажарулеб буго гIагарлъи ккверзеги, жидеего жалго ратизеги ва гьединаллъун гIезарун руго лъималги.

**Виолетта РАТЕНКОВА**





Лъачlого ун батула заман. Гьединго хисула нилъги нилъеда сверухъ дунялги. Амма буго кигlан заман аниги хисуларебги: Ватlан, инсул рукъ, эбел – эмен, лъимал, гьалмагъзаби, Ватlаналде рокьи, тlоцебе ккараб рокьи, тlугьдузул махlал, харда кколеб щуб, бакъул бакки-тlерхьин, цlад бан хадуб чlолеб нур, хlанчlазул кечl, хасалоялде хинал улкабазде унеб къункърабазул тlел. Щибха дица гьоркьоб биччараб нилъее бищун кlвар бугел лахlзатал рикlкlунаго? Гьай – гьай, гlагараб школа ва рокьулел учительзаби. Гьел хутlула гlумруялда бищунго гlагараллъунги.

# ХИРИЯЙ МУГІАЛИМ РАКІАЛДЕЩВЕЯЛЪЕ

Ратила школалъги учителасги жидер гlумруялда кlудияб ва кlвар бугеб бакl кквечlел гlадамалги. Амма гlемерисел гьединал ратуларо, дунги гьединазде гьоркьое кколаро. Нижер йикlана кигlанги тlадегlанаб къимат кьезе бегьулей учительница. Гьей кколаан химиялъул ва биологиялъул мугlалим Алла Ивановна Багдуева (Ушакова). Бащдаб гlасруялдаса цlикlкlун сонал гьелъул ана Цlияб Лак ва Лак районазул школазда тарбия-лъай кьолей. Бащдаб гlумру ана гьелъул Гъумеки росулъ. Гьелда цадахъ хlалтlулел рукlана Н. Маммаев, М. Кажлаева, Э. Парамазова, С. Грузинова гlадал цlаррагlарал мугlалимзабиги.

Гьей нижедаса ятlалъараб 2019 соналъ бичlчlана нижее ккараб кlудияб ками. Гlадатияй, ракlги гlамалги лъикlай, ургъел бикьулей, гlакълу малъулей мугlалим ва иш лъалей специалист кколаан Анна Ивановна. Хlалтlуде гьелъул букlана ракlунтараб бербалагьи ва цlалдохъабаздехун букlана кlудияб рокьи.

… Сонал анагlан дагь дандчlвалел рукlана ниж. Ахирисеб нухалда дида гьей йихьана 2013 соналъ цо берталъ. Амма къанагlат рихьиялдаги рикlкlаде ккеялдаги бараб жо букlунаро рокьулги хlурматалъулги.



Гьеб бараб буго ракI жубаялда, гьарурал лъикIал ишал кIочонгутIиялда, баркала щвеялда.

Жакъаги, хирияй учительница нижгун гьечIониги, бокьун буго, гьаб къадруяб журнал гьоркьоб ккун, гьелъулги, гьелъул букIараб захIматаб къисматалъулги, гIумруялъулги хIакъалъулъ нужее бицине. Биччанте гьелдаса мисал босизе мугIалимасул захIматаб ва хIажатаб иш тIаса бищарал гIолилаз.

Алла Ивановна гьаюна I936 соналъ Приморск краялъул Рухлово шагьаралда, БагIараб Армиялъул офицерасул хъизаналда. Гьелъул эмен – Иван Васильевич Ушаков вукIана рагъухъан. I939 соналъ Халхин-Голалда Япониялъулгун букIараб рагъулъ гьев вукIана батальоналъул командирлъун. I946 соналде щвезегIан хъулухъ гьабуна Монголиялда букIараб маххул нухалъулал аскаразул полкалъул штабалъул начальниклъун, майорасул чингун. Гьесие кьун букIана Реццалъул Орденги. Хвана I946 соналъ. Эбел – Анна Максимовна Ушакова (Михайлова) рагъул соназда хIалтIана Благовещенскаялда гIагарлъухъ букIараб цо колхозалъул председательлъун. Росги хун ункъго лъимергун хутIарай гьей гIумру гьабизе Сочиялде яхъана. Гьениб лъугIизабуна Аллаца гьоркьохъеб школа. Гьелъ гIемер бицунаан дора Ботаникияб ахикь хIалтIулеб букIараб кружокалъулги гьенир рукIарал лъикIал мугIалимзабазулги хIакъалъулъ. Гьениб бижанила жиндир химия ва биология предметазде рокьиги.

I958 соналъ, Ростовалда пединститут лъугIигун, Алла Ушакова хIалтIизе йитIана Дагъистаналде. Байбихьуда ункъо соналъ гьей хIалтIана ЦIияблак районалда, ЦIияблак росулъ. Гьенив школалъул директорлъун вукIана лъикIав педагог ва гIуцIарухъан МухIамад Идрисович Идрисов. Алла Ивановналъ малъулаан химия ва дагьаб заманалъ биологияги. Гьединго гьелъ гIемераб кумек гьабулеб букIана цIалулъ нахъе ккарал лъималазе. Гьединалгун гьей гIемерай хIалтIулаан, хадур гъезарулаан гIурус мацIалъул, литератураялъул, математикаялъул предметазе.

Гьелъие ругьунаб педагогикияб къагIидалъун букIана лъай ва гIаммаб тарбия кьеялъул рахъал журазарунгутIи. Классалъул сагIтазда лъималазул лъай-хъвай гьабулаан поэзиялъулгун, литератураялъулгун. Гьениб киданиги бицунароан дарсазул хIасилазул, гIадлу-низамалъул, ай цIалул рахъалъул. Гьел суалал гIолохъанай учительницаялъ щивав цIалдохъанасулгун тIуразарулаан ва гьединаб методикаялъул хIасилалги лъикIал рукIана.

Гьебго заманалда ясалъ школалда рагьана художественияб кружок ва хадуб гьеб сверизабуна туризмалъулгун росу-ракь лъазабиялъулалде. Занятияздa лъолаан тумазул мацIалда махсаро-хочIалъул пьесаби, ругьун гьарулаан кьурдизе ва кечI ахIизе. I959 соналъ гьеб школалъул лъимал щвана концерталгун ЦIияблак ва Казбек районазул росабалъе, хасго лъикIаб гьудуллъи ккана Сталинаулалъул гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазулгун. Гьебго соналъул риидал цIалдохъабаз гIахьаллъи гьабуна республикаялъул туристазул слеталда, гьениб кIиабилеб бакI босана ва шапакъаталги сайгъаталги щвана.

ИчIабилеб класс лъугIаразе, Алла Ивановналъул хIаракаталдалъун, рагьун букIана захIматалъул лагерь ва гьениб хIалтIул хIалбихьи щолаан. Къокъабго заманалда жаниб цIалдохъабаз лъалъана ва чIарана II га цIоросаролъул. Гьелъухъ гьезие рес кьуна анцIго къоялъ МахIачхъалаялда туристазул станциялда хIухьбахъи гьабизе.

Хадусеб соналъ туризмалъул секциялъул киналго цIалдохъаби гIахьал гьаруна районалда цIияб больница баялъулъ. Гьениб щвараб гIарцухъ хасало гьел ана Ордженикидзиялде (Владикавказ), гьениб гьезда чанги берцинал бакIал рихьана, пионеразул рокъоб ЦIияб Сон дандчIваялъул тадбиралда гIахьаллъана ва Осетиязул театр бихьизе рачана.

I962 соналъ байбихьана нижер хирияй учительницаялъул цIияб гIумру. Рос ГIумари Багъдуевгун ва гьитIинай яс Верагун гьел гочана Лак районалъул Гъумеки росулъе: росасе бокьана Кули районалъул Хайхи росулъ йикIарай херай эбелалда гIагарде вахъине.

Гьеб соналъул тIоцебесеб сентябралъ Алла Багъдуевалъ байбихьана Лак районалъул методкабинеталъул заведующаялъун хIалтIизе. Гьеб заманалда Лак ва Кули районалги данде журазарун, гьезул центрлъун гьабуна Гъумеки росу. Районалъул администрациялъул специалистал хьвадизе кколаан рикIкIадал росабалъе чуязда рекIун яги лъелго. I964 соналъ, кIиабилеб лъимерги гьабун,Алла школалде яхъана хIалтIизе. I969 – I972 соназда гьей районоялъул инспекторлъун хIалтIизе ккана.

I972 – I973 соназда гьелъ Гъумеки химиялъул дарсалги кьуна, декреталде арай мугIалималъул бакIалда. Класс батана захIматаб, амма гьелъ хIехьана, лъималазде ругьунлъун ккана ва инспекторлъиги тун гьеб классалъул руководительлъун ячIана. Аллаца абулаан гьеб I974 соналъ ва гьединго I990 соналъ школа лъугIун арал гIолилал жинда хасго лъикI ракIалда хутIанилан. Гьезда гьоркьор руго тохтуралги, мугIалималги, инженералги, экономисталги, киналго гьел ккола гIадлу бугел лъикIал гIадамалги.

Алла Багъдуевалъул хIаракат бихьичIого ва къимат кьечIого хутIичIо. I974 – I978 соназ гьей йикIана Гъумеки гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместительлъун.Гьел соназда коллективалде гьоркьоре рачIана гIемерал гIолохъанал педагогал: Канкаев ЖахIбар, МухIамад ва Саният Сунгъуровал, Сулейманов Нажмутдин, Кушиева Лариса ва цогидалги. ГIолохъанаб коллективалъ цIалдохъабазулгун гьабулеб хIалтIи хвалие гуреб гьабулеб букIана. Гъумекиб жеги ракIалда буго I975 соналъ КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун 30 сон ин кIодо гьабун букIараб куц. Аваданал ва гьираялда гIахьаллъулел тадбирал гIуцIулаан школлъималазул гIахьаллъиялдалъун мугIалимаз. Гьединго лъикIаб хIадурлъи букIунаан 7 Ноябралъул ва I Маялъул байрамаздаги. Кинабго гьеб хIадурлъиги букIунаан Алла Ивановналъул нухмалъиялда гьоркь гьабулеб хIалтIи.



Колхозалдаги хIалтIана, Ханасул рохьор гъутIбиги гIезаруна, гурхIел – рахIмуялъул концерталги кьуна, конкурсал, КВНал, Щариналъул школалъул цIалдохъабазулгун гьалмагълъиялъулал «Щиб? Кида? Киб?» абурал хIаялги тIоритIана, школалъул, районалъул, республикаялъул футболалъул, баскетболалъул, волейболалъул ва цогидалги спортивиял къецаздаги гIахьаллъана, школалъул радиоялдаса передачабиги гьаруна, гIемерал сапаралги рукIана.

ГIемерисел гьел тадбиразда нижеда цадахъ гIахьаллъулаан Алла Ивановналъул гьитIинай яс – гIолохъанай, бажариги лъайги бугей педагог – математик Алёна Багъдуева ва гьей нижер ракIазулъ хутIана. Доб тIадехун бицараб, Ленинградалде гьабураб сапаралдаги гьей нижгун йикIана.

РакIалдещвеязулъ Алла Ивановналъ жиндирго хIалтIул хIакъалъулъ щибго хъван гьечIо. Гьелда ракIалде кколаан жинца тIадаб иш тIубазабулеб бугин. Дарсазде гьей кидаго лъикIго хIадурлъулаан, тIоритIулаан химиялъул вечерал, конференциял, бицунаан машгьурал гIалимзаби – химиказул хIакъалъулъги.

80 абилел соназда гьелда тIад къан рукIана школалда церехун рукIинчIел цIиял – «Хъизаналъул гIумруялъул этика ва психология» ва «Дунялалъулго культура» гIадинал предметал малъизеги. Цо нухалда гьелъ тIобитIун букIана, Дейл Карнегил тIехьалдаса «ДагIбаялъулъ ритIухълъи батуладай?» - абураб темаялда конференция ва цIалдохъаби гьелда гъираялда гIахьаллъана. Гьединго Алла Ивановналъ кIиго соналъ нухмалъи гьабуна искусство бокьулезул кружокалъе. Гьениб гьелъ лъималазда малъулаан классикиял бакънал ва суратал рахъизе, лъималазул лъай-хъвай гьабулаан чIахIиял композиторазулгун ва художниказулгун.

РакIалдещвеязда Алла Ивановналъ хъвалеб буго жинда кIочонареблъун букIанила I990 соналъ школа лъугIун араб класс. Гьенир рукIанила цIодорал, лъикIал, лъай босизе бокьулел ва гьудуллъи хириял лъимал. Гьеб классгун жал, ихдал каникулазда колхозалъе хIалтIун щвараб гIарцухъ, ун рукIанила Ленинградалде ва щванила Эрмитажалде, ГIурусазул музеялде, Петропавлил хъаладухъе, Пискарёвасулин абулеб хабзалалъе ва цогидалги машгьурал бакIазде. ТIадруссун рачIунаго Москваялда жидеда бихьанила БагIараб майданги, мавзолейги, ВДНХаги.

I997 – 20I2 соназда Алла Ивановна хIалтIана Гъумеки гIемерал профилазулаб лицеялда. 2003 соналде щвезегIан гьей йикIана лицеялъул директорасул гIелмуялъул рахъалъ заместительлъун, хадусел соназда – химиялъул мугIалимлъун ва лабораториялъул заведующаялъун. 20I3 соналдаса 20I9 соналде щвезегIан гьелъ гIумру гьабуна МахIачхъалаялда, вас Ибрагьимида цадахъ.

Нижеца, гьелъ I990 соналъ къватIибе биччараб классалъул цIалдохъабаз, кинаб данделъи букIаниги ракIалде щвезаюла хирияй учительница. ЗахIматаб заман букIаниги, нижер гIанчIаб гIолохъанлъиялда гьеб рагIулароан ва букIинеселдаги божулаан. ГIемерал тадбиразда гIахьал гьаруна ниж Алла Ивановналъ.

Нижер, Алла Ивановналъ нухмалъи гьабулеб букIараб II «б» классалдаса лъабго цIалдохъанас школа лъугIизабуна меседил медалгун.

Алла Ивановна йикIана лъикIай педагогги лъикIай эбелги. Лъай щварай, шагьаралда гIурай гIурус ясалъ мугIрузул росулъ борхизабуна лъай кьеялъул рахъ ва, гIумруялъго гьенийги чIун, тIаса бищараб ишалъе ритIухъго хъулухъ гьабуна. Гьениб батана гьелда хъизаналъул талихIги, ана росасе, гIезаруна лъабго лъимал.

Алла Ивановналъул рос – ГIумари Ибрагьимович Багъдуевги вукIана лъай бугев ва гIадамаз къадру гьабулев чи. ГIолохъанаб мехалда спортсмен, вахъун вукIана боксалъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионлъун. Гьес гIумру бухьинабуна росдал магIишаталда ва гIемерал соназ вукIана Лак районалъул росдалмагIишаталъул Управлениялъул начальниклъун. Гьев камуна I994 соналъ. Гьезул кIудияй яс Вераца гIумру гьабулеб буго МахIачхъалаялда. Вас Ибрагьимица лъугIизабуна москваялъул автодорожнияб институт – МАДИ, хIалтIулев вукIана нухазул магIишатазул ва экономикаялъул министерствабазда. ГьабсагIаталда Ибрагьим ГIумариевич Багъдуев ккола Дагъистаналъул транспорталъул ва нухазул министрасул заместитель. Лъималаз Алла Ивановналъе сайгъат гьаруна щуго лъимал ва гьезулазулги гьанже гIолел руго ичIгоял.

***Алла Ивановна Багъдуевалъул цIар меседил хIарпаз хъвазе бегьула Лак районалъул лъайкьеялъул тарихалда.***

**Т.МухIамадов, Д. Айгунов, М. Шахшаев, И. ТIалхIатов, Х. ГIабдуллаева (Макъсудова), З. АхIмадханова, А. Атаева, Л. ХIусейнова (Буттаева) ва цогидалги гьей кIоченчIел ва йокьулел I990 соналъ школа лъугIарал цIалдохъаби.**



# РуцIцIун чIарал гIемер руго

Киназго лъугIана анцIго класс, гIемерисез лъугIана училище бугониги, институт бугониги. ХIалтIулел руго. Цоял бизнесин абулеб жоялде тIаделъун руго, цойгидал хъулухъалда руго, лъабабилел цIогъодилел руго.

Депутатин абулеб рагIи букIине кколеб къагIидаялъ магIарул мацIалде буссинабулеб бугони, гьеб ккола «вакил» – ин абулеб рагIи.

*– Гьадав чи, нилъеда данде ккун, мустахIикъав гIадав вуго, нилъее данде кколел законал рахъизе дове парламенталъувегIаги витIизе вуго,* – янги абун клубалдеги ракIарун гIадамаз цоясда цIар чIвала. – *Векере, вац, а гьадаве, нижее данде кколеб къагIидаялъ бице хабар. Нижеца мун вакъун–къечонги теларо... Нижедаялдаса дур лъайги буго, нижедаялдаса дур гьунарги буго...*

Гьеб буго жидерго вакиласда цIар чIвазе бищунго ритIухъаб нух.

*– Дун вукIине ккола нужер вакиллъун, дидаса лъай бугевги, гьунар бугевги, мустахIикъавги чи гьечIо нужеда гьоркьов,* – илан абулев чи цеве кIанцIун вачIани щиб гьабилеб?

Дун вукIине кколин вакилинги абун цояв ваккун вачIани, гьесдаго цадахъ цойгидавги ваккун вачIуна, дуда бугеб, жинда камураб щиб бугебиланги абун. Байбихьула рищиязде. Гьел рищиял тIоритIулебгIанаб заманалда жаниб, дов, клубалде гIадамалги ракIарун, жалго гIадамазе цIар чIвазе къваригIун вукIарав чи, вуцIцIун чIун вукIуна, рикIкIадасан рищиязухъги балагьун.

Гьединан нилъер республикаялда гIемерав чи вуцIцIун чIун хутIун вуго. Бокьани политикаялда гьорлъ букIа, бокьани экономикаялда гьорлъ букIа, бокьани культураялда гьорлъ букIа – киса–кирего руго руцIцIун чIарал гIадамал.

Цере–цере кIанцIолел чагIи рукIунаро гьел. ТIил кьезегIан чIун рукIуна кьурдизе рахъине.

Нилъер парламенталде ракIарун ругелщинал депутатазда гьоркьоса кин ратIа гьарилел унго–унгоги гIадамаз вищаравги, жив вукIине кколилан цеве кIанцIун вачIаравги? Кин ватIа гьавилев унго–унгояв халкъияв артист, культураялъул министрасе «мороженоеги» баччун, гIемер гьардон, гьеб цIар щварасдаса? Цояв кандидатасдасаги, академикасдасаги, цойгидав кандидатги, академикги кин ватIа гьавилев?

*– Дун вугоха, ле, мунго гIадав депутат,* – илан абизе кIолеб буго бокьараб мехалда, живго цеве кIанцIун вачIарасда, халкъалъ вищарав депутатасул бадивеги валагьун. Унго–унгоги, халкъалъ вищарасда данде абизе рагIиги батулеб гьечIо. Унго–унгоги, халкъалъ вищарав депутатасда бащад хьихьун вуго гIадамаз гьев «депутат», бащадал ихтияралги руго кIиязулго, законалда цере бащадалги руго.

Законалда цере бащад руго «халкъияв» артистги, «халкъияв» поэтги, унго–унгоги халкъияв поэтги, «кандидатги», кандидатги, «академикги» академикги ва цогидалги кавычкабазда жанире рачаралги, рачинчIелги.

Законалда цере бащад руго гьел, амма гIадамазда цере, халкъалда цере бащад гьечIо. Халкъалда гIажаибго хехго вихьула мустахIикъавги, мустахIикъав гуревги.

*– Дуцаго гIадин КъурбангIалицаги босун буго «Жигули»...*

*– Батилаха... Амма, КъурбангIалица гьеб босанаха барахщун холаго, кепкида кепекги лъун гIарацги бакIарун, лъималазе квен кьечIого, гьезда радал–бакъанида чайги гьекъезабун. Дица босана хIалтIизеги хIалтIун, гIарацги балагьун, хъизамалдаса тIокIлъаралъухъ...*

Гьезул машинаби релъарал руго. ГАИшниказ кIиябго машинаялъе гьабулеб законги цого буго. Амма, гIадамазда бичIчIулеб буго кинаб машинаялъул кинаб даража бугебали.

ГАИшникасда гьеб кин бичIчIизабилеб?

Бокьараб колхозалъул председатель букIа, совхозалъул директор букIа, росдал яги районалъул администрациялъул бетIер букIа – щивасул даража бихьула гIадамазда. Руго гьенир хIалтIи бажарулелги, руго жидерго секретарзабаздаса даража мукъсаналги, халкъалда гьеб бихьулебги буго.

ВачIунаро цониги чи жив вищейин, дица тIалаб гьабилин гьаб районалъул, гьаб росдал, яги дун тIамейин директорлъун, заведующийлъун, ректорлъун, дица тIалаб гьабилин гьаб организациялъулилан, хIакъикъаталдаги гьелъул тIалаб гьабизе бокьарав. Жал тейилан абулел гIадамал руго жидерго тIалаб гьабизе рачIунел гIадамал.

ГIадамаз клубалдеги ахIун саламатав чиясда абулеб бугони, дуца тIаде босейин жидер район, яги росу, яги цогидаб щиб бугониги предприятие, гьев саламатав чияс инкар гьабула. Инкар гьабула цебе чIараб хIалтIи бихьун, дандчIвалелщинал захIмалъаби рихьун, цеве вукIарас магIишаталда рахъарал картIал рацизе ккани гьабизе кколебщинаб бихьун. Нагагь гьев саламатав чи разилъаниги, гьесда аскIове вачIуна мадугьалихь бугеб предприятиялъул «дун те, дун те» – ян жиндиего нух бахъун ккарав директор.

*– Дунги вуго, вац, мунго гIадав директор. Законалда цере нилъ кIиялго бащадги руго,* – ян чIола гьев. – *Дунги хьихье...*

Халкъалъул пикруги, парламенталъ рахъулел законалги руго данде ккезаризе кIоларого. ЦIарги, фамилияги, отчествоги, гьесул хъулухъги, гьесие кьурал «мустахIикъал» цIаралги гурони законалда рихьулел гьечIо. «Щив?» – илан гьикъараб мехалда законалъ «фамилиялъул» бицунеб буго, халкъалъ даражаялъул, лъаялъул, гьунаралъул бицунеб буго.

Кинха аб нилъер республика цебетIезехьин бугеб?

**ГъазимухIамадд ГЪАЛБАЦIОВ**



# Фазул хIикматал

*Макъсуд ЗАЙНУЛГIАБИДОВ*

## ВАТIАНАЛДЕ РОКЬИ

Бищун хирияб ВатIан -
Гьеб букIана Фазуе
Зодосан бортараб цIва,
Гиничукьлъун лъугьараб.

Бижана тIолго дунял
Гьеб росулъан Фазуе,
Хасго бещун лъугIичIеб
ГIажаибаб Дагъистан.

Дагъистан – гьелъул лъимер –
Гьедин ургъула Фазу,
ГьедигIанги хирияб
БукIана гьелъие гьеб.

Амма ракIчIун лъалаан,
Жий гьелъул яс йигеблъи,
Гьелъиеги хирияй
ЙикIин жий, лъимер гIадин.

Огь, ВатIан – «Россиялъул
Федерация» абун,
Гьелдаги кIочон течIо
КIудияй шагIир Фазу.

Живго Путиница гьей
АхIана Москваялде,
Первозваниясул
Орден каранда базе.

Гьеб къанагIатаб орден
Щвана Дагъистаналде,
Дагъистаналъул шагIир
КIодо гьаюн тIоцебе.

Узухъда, Фазуда гьеб
Баркана дунялалъго,
ВатIаналде рокьуй гьеб
БукIана цойги далил.

Фазул жамгIияб хIалтIи
Рехсон бажаруларо,
Редакторлъигун цадахъ
Гьелъ гьабулеб букIараб.

Гьебги ВатIан хиралъи,
Гьебги кIудияб хIикмат,
Кида регIулейилан
ГIадан гIажаиблъулеб.

## ДАГЪИСТАНАЛДЕ РОКЬИ

Дунялалда хIикматал
Миллионал ратила,
Амма анкьго рикIкIуна
Аслиял хIикматаллъун.

Гьеле гьел цIакъго дагьал
КъанагIатазда гьоркьой,
Гьалдолеб вулкан гIадай,
Нилъер Фазуги йиго.

Фазул рокьул хIикматал
Рехсолел руго дица:
Дагъистаналде рокьи –
Гьебги хасаб цо хIикмат.

Дагъистан бокьичIого
БукIине рес лъаларо,
Нилъеего гуребги,
ТIолго Дуниялалъе.

Дагъистан – Шамил, Расул
Ва Фазу! Чан цIар бугеб?!
Планетаялда тIад
Аллагьас бекIкIун хъвараб.

Дагъистаналъухъ рокьи
КкечIев чи вукIаравищ
Дунял бижаралдаса
Нахъе гьаб ракьалда тIад?

Пушкин, Лермонтовасул
РекIел асаразда гъорлъ,
Сири черхалда балел
РагIаби ратуларищ!?

Лев Толстоясеги
Нилъер къартIаб Дагъистан
«Ясная полянalda»
БащадаблъунбукIинчIищ?

ГIарабазул дунялалъ,
Европагун Азиялъ,
Историялда гьечIищ
Дагъистан кIодо гьабун.

Амма гьеб кинабниги
Космосалъулаб рокьулъ –
Меседил баргъичалда
НагIли – Фазулаб рокьи.

Гьелъул Дагъистаналде
Бугеб рокьидул хIикмат
Баян гьабизе кIолев
Художник гьечIо цоцин.

Дагъистан гьелъул щибаб
ЦIалеб хIухьелалъулъги,
Дагъистан – гьелъул кочIол,
Щибаб мухъилъа хIарпги.

Гьеб кинабго бичIчIулеб
Дагъистаналъе гьелъул
Гьайбатаб цIар цIва буго
Каранда – меседилаб.

## АВАР МАЦIАЛДЛЕ РОКЬИ

Берцинлъиялъул къирал
ТIаса йищулеб конкурс,
Бергьенлъи босаралда
РетIел – гучаб авар мацI.

Королева абуни
Гьаниб – шигIруялъул черх,
МагIарул пикрабаца
Жазмуялъулъ биччараб.

Огь, пакъирал шагIирал,
КигIан гIемер гьел ругел,
Гьеб черхалда тIад мусру
РагIабазул жемулел.

МагIарулалъ хъваниги
МагIарул мацI лъаларел,
МагIарулаз, тIад релъун,
ТIахьал нахъе рехулел.

МагIарул мацI – рахьдал мацI,
Киниялдаги кьищан,
ГIезе гьабуна Фазул
Эбелалъ шагIиралъе.

Доб тIоцебесеб рагIи
БетIергьанас абураб –
МагIарул мацIалдацин,
Гуродай доб букIараб!

Гьедин пикру гьабула
Расулилги Фазулги
Романалгун къисаби
Ва харбал цIалулелъул.

Авар литература –
ЧчугIбузул цIураб ралъад –
КIиго меседил ччугIа
Цояб – Фазул авар мацI.



Аваразул машгъурав шагIир, Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул член Наби ГIисаевас исана балеб буго 75 сон. Гьесул кучIдуз рекIее асар гьабуларев чи ватиларо, гьираялда цIалула, ахIула ва рекIехъе лъазарула гьел магIарулаз. Гьев вуго «Гордухъ канлъи» «Баракат», «ГIумруги кечIги», «Нур сунареб бакъ», «ЦIвабзазда гIагарлъухъ», «ГIахьалаб рукъ», «Милъиршаби», «ГIумруялъул чили» ва гьел гурел цогидалги тIахьазул автор. «МагIарулай» журналалъул коллективалъ ва тIолго магIарулаз ракI-ракIалъ баркулеб буго Наби ГIисаевасда юбилей, гьарулеб буго чорхое сахлъи ва къалмие бегIерлъи.

*Наби ГIИСАЕВ*

## МАГIАРУЛ ЭБЕЛ

ЙикIана магIарухъ, гьанжеги йиго,
Балагьаз къуркьичIей, къуватай гIадан,
ГIагараб ракIалда цIа боркьарабго,
Бокьун рагъде ана гьелъул лъабго вас.

ТIоцевесев васас бухIараб гула,
Волгаялда аскIоб гьабуна къабул,
Дир, магIарулалъул, магIуги бихьун,
Вохиларин тушман, гьалъ чIегIер бачIо.

КIиабилев васас Белоруссиялъ
Босана хвел, анцIго фрицавги чIван,
Гьебги дагьаб гурин бахIарчилъиян,
Борхун бетIергун гьай, чIухIун хьвадана.

Бищунго гьитIинав ральдал тIиналде
ТIерхьана, немцазул гамаги гъанкъун,
БахIарчи вахъарав васасул сурат,
Каранде данде къан, къварилъана гьай.

Маргъу хIакъикъатлъун лъугьараб нилъер
Улкаялъ ракана даимал цIаял,
ЦIарги босун хварал багьадурзаби,
Борхатаб сиялда тIад эхетана.

Хъвана росуцояз ганчIида бикIун,
Героязда гьоркьоб лъабазулго цIар,
Гьенир тIугьдул лъолей байрамкъоязда
Бегьула йихьизе херлъарай ГIаша.

Тушман сородараб нилъер ракьалгун,
Чармилал ракIазул солдатазе рецц,
Сабру тIадегIанал, гIамал берцинал
ГIазабаз квегъичIел улбузе хIурмат

***

Эбел-ВатIанилан гIадада гуро
ГIагараб ракьалде халкъалъ абулеб.
Дунял свераниги, гьебгIан хирияб
Хазина кибниги букIинчIо, гьечIо..

## ГIЕДЕГIЕ

ГIолохъанлъиялъул чодаса гъоркье
БокьичIониги нилъ рещтIине ккола,
Гьадинги дагь кьурал гIумрудул къоял
ГIададаго гIадин тIамун ратулел.

ГIедегIе, гIедегIе лъикIлъи гьабизе
ЛъикIлъиялъулъ бахчун буго даимлъи,
Бикье, барахщуге, ракIалъул хинлъи,
РекIараб чирахълъун хутIила дур цIар.

Мискин-пакъирасе квер бакъарасе,
Кириялда тIокIлъи Бичасда лъала,
Лъимал – гIумруялъул тIугьдул абуна,
ТIадчIун тарбия кьун гIезе гьаре, вац.

Воре, яхI, гIаданлъи, гIищкъу бичуге,
ГIайиб чIвангутIизе росдал гIадамаз,
РикIкIад те гьерсихъан, гьес бер къачIого,
Цо пуланаб къоялъ гьабила квешлъи.

Жакъаги метерги ватулесулгун
Вореги ахIуге киданиги кьал,
Кье барщарасухъе нечечIого квер,
Мун гIадан ватани, гIакълу камилав.

Мун тIадчIун къеркьани, тIагIина хIинкъи,
Мун вуцIухIун чIани, тIегьала квешлъи,
ТIаса лъугьинчIони гIадамаздаса,
ГIаданин дица дур квер босиларо.

ГIедегIе хварахъе, харабазухъе,
Хадусел наслаби духъеги щвезе,
Щибаб рухI бугебги рухI гьечIебги жо
Буго иргаялда амру щвезегIан.

Инсуца холелъул аманат гIадин,
ГIадамал кантIулел тана рагIаби,
МагIарул гIаданлъи, гIамалги цIарги,
ЦIунарасул къимат халкъалъ толаро.

Эбелалъги гьесул хьолбохъ эхетун
Абуна сабурго, гIодое йиччан,
ГIедегIе, гIедегIе гIумру цIунизе,
ГIедегIе, гIедегIе гIадан вокьизе.

## Щибаб сураталда дандекколеб рагӀи бате!



| гӀеч | гени | микьир | кокон | курак | багӀли | жага | цӀибил | хӀавагӀеч | хурма |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ... | ... | ... | ... | ... | ... | ... | ... | ... | ... |

тӀогьилаб   гьуинаб   гӀисинаб   цӀакъаб   гӀурччинаб

къвакӀараб   тӀагӀамаб   барщараб   цӀекӀаб   багӀараб

# Милъирщо



Эбел нилъер рагъида
ЧӀир-чӀидулеб хӀинчӀ кинаб?
ХӀобол магӀида рещтӀун,
Долъ рачунел бакънал щиб?

- Доб буго нилъер гьудул,
РачӀ бикьараб милъиршо,
МугӀрузде их бачӀанин
Рохел бицунеб чапар.

Долъ гьабулеб кечӀ буго
БорчӀа тӀабигӀатилан,
Бачунеб бакъан буго
Дур ункъо сон тӀубанин.

МугӀрузде гӀиял щвелин,
ГӀурччинаб хер баккилин,
АхӀмадий кьегӀер бачун,
Эмен вачӀине вугин.

ГъутӀбузда тӀамах балин,
ТӀогьахъ гӀазу бианин,
БагӀлидул гьагьалги цӀун,
Метер гьобол вачӀинин.

ХӀажи Гъазимирзаев



Этнолагерь.
с. Хури
Лакский район

# Журнал в журнале

# Животные убивают людей?



Случается, что хищники нападают и на людей – если они голодны или их что-то сильно напугало. Но, как правило, звери не причиняют вреда людям.



- Тигры обычно охотятся на крупных животных, например оленей. Но больной или старый тигр может напасть и на человека.



- Эту крошечную лягушку – древолаза из Южной Америки лучше не трогать. Ее ярко раскрашенная кожа выделяет смертельный яд.

# Все змеи ядовиты?

Нет, далеко не все. И только у некоторых змей яд настолько сильный, что может погубить человека. Самые опасные для людей змеи: кобры, гадюки, морские и гремучие змеи.



- Кобры – ядовитые змеи.



- Большинство крупных змей не ядовиты. Они не жалят добычу, а душат.

- Зубы у белой акулы длиннее твоих пальцев!

# Акулы всегда нападают на людей?

Почти все акулы – хищники, но на человека они нападают редко. Известны случаи, когда людей атаковали тигровая, белая и песчаная акулы и некоторые другие их виды. Интересно, что китовая и гигантская акулы питаются только планктоном.



- Зубы акул полностью обновляются в среднем каждые две недели.





# Почему на вершинах гор нет растений?

На вершинах гор всегда холодно, а растения любят тепло. Для жизни им нужны вода, солнечный свет и почва, из которой они получают питательные вещества. Без всего этого растения погибают.



## Какие растения живут в горах?

- Растения не могут пить воду, если она превратится в лед

Некоторые стелющиеся по земле растения очень неплохо приспособились к жизни в горах – их не страшат ни непогода, ни скудная почва.

## Как горные растения сохраняют тепло?

У одних горных растений, например у эдельвейса, листья покрыты густыми ворсинками, которые помогают сохранять тепло, – точно так же, как шерсть у животных. Другие – скажем, горечавка, выделяют тепло сами.



- Реки и тающий снег смывают почву со скал. Чем выше ты поднимаешься в горы, тем тоньше становится слой земли, пока не остается голый камень.



## Какое растение растапливает снег?

Как и многие горные растения, подснежники на зиму прячутся под землю. Ранней весной из-под снега пробиваются новые ростки, они излучают тепло, и снег вокруг них тает.

- Даже самые стойкие хвойные деревья – сосны и ели – не растут высоко в горах.



# Помидоры, маринованные с луком

Помидоры – сколько уместится в трехлитровую банку,
чеснок – 5-6 зубчиков,
лук репчатый – 1 головка,
морковь небольшая – 1 шт.,
уксус – 4 ст. ложки,
листья черной смородины и вишни – по 2-3 шт.,
укроп – 1 зонтик,
соль – 2 ст. ложки,
сахарный песок –2 ст. л.
зелень петрушки – 1 пучок.

1. Красные помидоры одинакового размера уложить в банки.

2. На дно каждой банки положить чеснок, разрезанную на 4 части небольшую луковицу, нарезанную кружочками морковь, много зелени петрушки.

3. Сверху положить листья вишни, красной смородины, зонтик укропа.

4. Кипящим маринадом залить помидоры 2–3 раза – в зависимости от того, где они будут храниться, в тепле или на холоде. Не пастеризуя закатать.

Желательно закатывать грунтовые южные помидоры. В помидоры, произраставшие в северных районах, необходимо добавить больше сахара – на 1–2 ст. ложки. Вместо уксуса можно использовать сок красной смородины (0,5 стакана на трехлитровую банку).



## Помидоры маринованные

Помидоры – сколько войдет в трехлитровую банку,

*Для маринада:*

вода –1,2 л,
соль – 2 ст. ложки,
сахарный песок – 4 ст. ложки,
уксус – 4 ст. ложки,
лавровый лист – 3–4 шт.,
перец черный горошком – 12–15 шт.,
чеснок – 8 зубчиков,
перец сладкий – 1 шт.,

1. Помидоры уложить в чистую стерилизованную трехлитровую банку.
2. Приготовить маринад. Кипящим маринадом залить помидоры, прикрыть крышкой и оставить на 15 мин.
3. Затем маринад слить, снова прокипятить и залить помидоры еще раз.
4. Закатать крышкой, не пастеризуя, перевернуть, оставить до остывания.

Можно положить в банки дольки репчатого лука, разрезанную на 4 части морковь.

## Помидоры с растительным маслом

Помидоры мелкие – сколько уместится в литровую банку,
лук репчатый – 1 головка,
лавровый лист – 1-2 шт.,
гвоздика – 2 бутона,
растительное масло – 1 ст. ложка,
черный перец горошком – 2-3 шт.

*Для маринада:*

вода – 1 л,
сахарный песок – 3 ст. ложки,
соль –1 ст. ложка.

1. На дно литровой банки выложить лавровый лист, гвоздику, черный перец горошком, нарезанный кольцами репчатый лук.
2. Сверху уложить мелкие помидоры, разрезанные пополам.
3. Добавить растительное масло.
4. Для приготовления маринада воду, сахарный песок и соль довести до кипения.
5. Залить помидоры кипящим маринадом.
6. Стерилизовать литровые банки в течение 15 мин.
7. Закатать крышками. Укутать на 5–6 часов.

## Помидоры малосольные

Помидоры – сколько уместится в трехлитровую банку,
соль – 1 ст. ложка,
сахарный песок – 2 ст. ложки,
уксус – 1ст. ложка,
аспирин – 2 таблетки.

1. Помидоры выложить в трехлитровую банку, добавить соль, сахарный песок, уксус, аспирин.
2. Залить ключевой водой, не доливая 3 см до верха (оставить место для брожения).
3. Закрыть синтетической крышкой. Для лучшего растворения соли, сахарного песка и аспирина банку необходимо несколько раз встряхнуть.

# ХОЗЯЙКЕ НА ЗАМЕТКУ

♦ Чтобы томат в открытой банке предохранить от плесени, его нужно посыпать сверху мелкой солью и полить растительным маслом.

♦ Суп получается более вкусным и ароматным, если овощи (морковь, лук) слегка поджарить на масле.

♦ Щи из кислой капусты надо солить уже после того, как капуста сварилась, иначе их легко пересолить.

♦ Для приготовления молочного супа с овощами, крупой, макаронами их сначала варят в воде, а затем доливают молоко.

♦ Смеси растительного и животных жиров хороши для рыбы, овощей и мучных изделий.

♦ Сливочное масло для жарения не рекомендуется – оно быстро начинает гореть и дымыться.

♦ При обжаривании продуктов нельзя перегревать жир, так как слишком сильно разогретый жир начинает дымиться и придает продуктам привкус горечи.

♦ Нельзя нагревать до кипения соус, заправленный сливочным маслом, так как это разрушает нестойкую эмульсию масла с другими продуктами.

♦ Пригоревшую эмалированную посуду можно отмыть, наполнив ее водой, в которой растворена ложка питьевой соды, и оставить постоять некоторое время для растворения пригоревшей пищи, затем прокипятить.

♦ Ножи и вилки с деревянными черенками нельзя оставлять надолго в горячей воде, так как клей черенков растворяется. Мыть их надо сразу после употребления и сразу же высушивать.

♦ Фаянсовую посуду не следует мыть в слишком горячей воде. Ее моют в тепловатой воде с мылом и споласкивают холодной водой. Горячая вода разрушает глазурь.

♦ Чтобы посуда не пахла рыбой, надо протереть эту посуду уксусом или промыть холодной водой с мылом.



# Овощная заготовка на зиму

***Помидоры – 5 кг,***
***перец сладкий – 1 кг,***
***лук репчатый– 1 кг,***
***морковь –1 кг,***
***кабачки – 1 кг,***
***зелень петрушки – 500 г,***
***масло растительное – 2 стакана,***
***сахарный песок – 1 стакан,***
***лимонная кислота – 1 ч. л.,***
***соль – ½ стакана.***

1. Помидоры, перец сладкий, лук репчатый, кабачки нашинковать.
2. Морковь натереть на крупной терке.
3. Зелень петрушки промыть, обсушить, мелко нарезать.
4. Все подготовленные ингредиенты соединить, добавить масло растительное, соль, сахарный песок, лимонную кислоту, перемешать.
5. Разложить овощную заготовку в банки.
6. Хранить в холодильнике.

# Лечо

***Перец сладкий – 10 кг,***
***помидоры – 5 кг,***
***вода, масло растительное, уксус фруктовый, мед – по 1 стакану,***
***чеснок – 10 головок,***
***перец черный горошком, соль – по вкусу.***

1. Для приготовления маринада натертые на терке помидоры, растительное масло, уксус, соль, черный перец, мед и воду прокипятить.
2. В кипящий маринад закладывать по 5–6 очищенных от сердцевины перцев. Варить 5 мин и выкладывать в кастрюлю. Немного остудить.
3. В стерилизованные литровые банки выложить перец, добавив в каждую банку по 4–5 зубчиков чеснока, 5–6 горошин перца. Залить приготовленным маринадом. Банки не доливать доверху на 1,5–2 см. Пастеризовать 10 мин. При пастеризации они станут полными.
4. Закатать крышками и перевернуть вверх дном. Укутать на 5–6 ч.





# Перец маринованный

***Перец сладкий красный – 2 кг,***
***масло растительное – 1 стакан,***
***уксус – 1 стакан,***
***сахарный песок – 1ст. ложка,***
***соль –1 ст. ложка с верхом.***

Расчет на трехлитровую банку.
1. Перец промыть, нарезать соломкой, ошпарить и откинуть на дуршлаг.
2. Разложить по банкам.
3. Для приготовления маринада воду, уксус, растительное масло, сахарный песок и соль прокипятить. Залить перец горячим маринадом.
4. Литровые банки стерилизовать в течение 10–15 мин. Закатать крышками, перевернуть. Укутать на 5–6 часов.



# РЕБЕНОК ЗА СТОЛОМ

- Ребенка с младенческого возраста необходимо приучать правильно и красиво принимать пищу.
- Чем раньше ребенок узнает правила поведения за столом, тем скорее они будут выполняться им автоматически, легко и свободно.
- Ребенку показывают, как неудобно будет и ему, и всем окружающим, если он будет есть, положив локти на стол и широко расставив их, вместо того чтобы держать руки на столе только до середины предплечья, а локти – близко к туловищу.
- Дети должны знать, что за столом надо сидеть прямо, нельзя шалить, качаться на стуле, играть скатертью – можно упасть со стула, потянуть за собой скатерть со всеми приборами, а то и опрокинуть на себя или на других суповую миску или тарелки с горячим бульоном.
- Ложка – первый предмет сервировки, который дают малышу. Его учат держать ее тремя пальцами правой руки, чуть пониже рукоятки, и объясняют, что всю ложку не следует засовывать в рот, но не годится также и всасывать пищу с самого кончика. Малыш должен знать, что ложку подносят ко рту не сужающейся, а боковой стороной, а зачерпывают пищей не к себе, а от себя.
- Четырехлетнего ребенка можно уже приучить правильно пользоваться вилкой. Сначала ему показывают, как держать вилку тремя пальцами правой руки, упираясь указательным в ту часть вилки, где ручка переходит в черенок, а затем, когда он станет постарше и научится пользоваться ножом, объясняют, что вилку удобнее держать левой рукой тогда, когда пищу нарезают.
- Нужно также приучить ребенка держать вилку наклонно, а не перпендикулярно к тарелке, для того чтобы она не соскальзывала, а пища не разбрызгивалась на стол и одежду. Следует также объяснить, что мягкую пищу, которую можно отделить вилкой, не нарезают.
- Вилкой без ножа едят такие кушанья, как рубленые котлеты, тефтели, зразы, вареные овощи и рыбу.
- Нужно показать ребенку, что, если сразу нарезать кусочками все кушанье, которое лежит на тарелке, оно быстро остынет и приобретет непривлекательный внешний вид, поэтому следующий кусочек отрезают после того, как предыдущий съеден.
- Не разрешается брать нож в рот: можно порезать язык и губы. На этом разумном соображении основано правило не есть с ножа, так же, как и категорическое запрещение извлекать остатки пищи, застрявшие в зубах, вилкой или чем-либо иным, кроме зубочистки (и то не за столом). Вообще же лучше всего после еды прополоскать рот теплой кипяченой водой.
- Если на второе подано кушанье, которое необходимо резать ножом, то вилку держат в левой руке, а нож – в правой, так как правой рукой удобнее резать. Если едят только вилкой, то ее держат в правой руке.
- Ребенок постарше должен знать, что ложкой едят только жидкую пищу, а рассыпчатые каши, яичницы, запеканки, отварные овощи и т. п. едят вилкой. Следует помнить, что все использованные приборы кладут не на стол, а только на свою тарелку или на специальную подставку.
- Никогда и ничего нельзя брать с общего блюда своими приборами. Нельзя также резать общий хлеб своим ножом. Необходимость строгого соблюдения этих правил диктуется элементарными и понятными для всех требованиями гигиены.
- Надо, кроме того, научить детей тщательно разжевывать пищу, есть не торопясь, не брызгая, чтобы у них не выработалась привычка есть некрасиво и шумно: это неприятно и неудобно для них самих и окружающих.




Сахарный диабет связан с нарушением обмена веществ, в основе его лежит недостаточное усвоение организмом сахара. При этом заболевании поджелудочная железа вырабатывает недостаточное количество гормона инсулина.

Диабет может развиваться у больных ожирением и у пожилых людей, в последнем случае он протекает относительно доброкачественно. Несмотря на то что в настоящее время имеется много лекарственных препаратов, снижающих уровень сахара в крови, все же при сахарном диабете лечебное питание имеет определяющее значение. При легкой и даже при средней по тяжести форме сахарного диабета требуется главным образом диетическое питание. При тяжелой форме лечебное питание нужно сочетать с лечением инсулином или другими препаратами.

## ОСНОВНЫЕ ПРИНЦИПЫ ЛЕЧЕБНОГО ПИТАНИЯ ПРИ САХАРНОМ ДИАБЕТЕ:

1) частые (не менее 4–5 раз) и регулярные приемы пищи;

2) более или менее одинаковые по количеству углеводов и калорийности основные приемы пищи (завтрак, обед, ужин);

3) разнообразие диеты: широкое использование ассортимента продуктов, не содержащих большого количества сахаров;

4) замена сахара сорбитом или ксилитом, а также сахарином, которые добавляют в приготовляемые блюда и напитки.

Для больных диабетом с избыточной массой тела, чтобы усилить чувство насыщения, нужно включать в диету такие овощи, как свежая и квашеная капуста, салат, шпинат, зеленый горошек, огурцы, помидоры.

Для улучшения функции печени, которая значительно страдает при диабете, нужно вводить в диету продукты, содержащие липотропные факторы (творог, соя, овсянка и др.), а также ограничивать в диете мясные и рыбные бульоны и жареные блюда.

Имеется несколько вариантов диет для больных сахарным диабетом, но практически в домашних условиях можно пользоваться одной (диета № 9), которую легко приспособить к лечению любого больного, исключая или добавляя отдельные блюда и продукты.

Пища больного диабетом должна быть богата витаминами, поэтому полезно вводить в пищу витаминоносители: дрожжи пекарные, пивные, отвар шиповника и т. п.

Запрещаются или резко ограничиваются следующие продукты и блюда: конфеты, шоколад, кондитерские изделия, сдоба, варенье, мед, мороженое и другие сладости; сахар допускается лишь в небольшом количестве по разрешению врача; бараний и свиной жир; острые пряные, копченые и соленые закуски и блюда, перец, горчица; алкогольные напитки; виноград, бананы, изюм.

### Примерное однодневное меню диеты № 9 (для больных сахарным диабетом, не получающих постоянно инсулин)

*На весь день:* хлеб белково-пшеничный – 150 г, ржаной – 250 г.

*Первый завтрак* (до работы): гречневая каша (40 г крупы, 5 г масла), мясной паштет – 60 г, чай с молоком на ксилите, хлеб, масло.

*Второй завтрак* (в обеденный перерыв): творог – 100 г, 1 стакан кефира, хлеб, масло, чай.

*Обед* (после работы): суп овощной (50 г картофеля, 100 г капусты, 25 г моркови, 20 г томата, 10 г сметаны, 5 г масла); отварное мясо с картофелем (100 г мяса, 150 г картофеля, 5 г масла), яблоко – 200 г.

*Ужин*: зразы из моркови с творогом (75 г моркови, 50 г творога, яйцо, 10 г сметаны, 8 г манной крупы, 100 г сухарей); рыба отварная с капустой (100 г рыбы, 10 г растительного масла, 150 г капусты), чай.

*Перед сном*: кефир – 1 стакан.



# Петровскияб рохьги иццги

Жалгъан абулеб росдада аскIоб, Жалгъан абулеб мегIералъул бакъ баккул рахъалъул хьибилалда, Дербенталда тIадехун буго Петровскияб абулеб гьитIинабго рохь. Гьеб буго херал ва гIолохъанал миккигъутIби цоцалъ журараб бакI. Биценалда рекъон, I722 соналъ, бакIалъулал бегаз гьениб кIудияб квана-гьекъей гьабун буго, дагIба-къец, рагъ гьабичIого, машгьураб Персидский походалдаса вачIунаго, Дербенталде жаниве Пётр Великий лъугьараб мехалъ.

Гьеб гьитIинаб рохьалдаса рикIкIада гьечIо "Шайихзабазул нохъогун" (Пещера святых сосцов) иццг, биценалда рекъон Пётрица лъим гьекъараб бакI. БакIалъул гIадамаз гьелдаса нахъе гьеб иццалъе "Урус-булах" , ай «ГIурусазул ицц», - илан цIар кьуна. Гьеб буго кIудияб сталактитияб, ай, гъорлъ гач бугеб бецIцIулеб лъададасан нохъодул мокърукь цIонкIолукIал лъугьунеб нохъогун ицц. Гьел сталактитаздаса гIодоре тIинкIулел лъел къатIраби цIакъго хирияллъун, даруяллъун ва гIемерал унтаби нахъе чIвалелллъун рикIкIунаан. Гьеб биценалъ лъикIаб хъулухъ гьабуна: нохъода сверухъ бугеб рохь рикIкIунаан цIакъ хирияб, зиярат гьабулеб бакIлъун, гьединлъидал гьеб рохь къотIиялдаса цIунун хутIана. ГIадатлъун лъугьун букIана гьенире лъимер хахизе каранзул рахь тIагIарал улбул рачIин. Гьединго гьеб лъим гьекъола лъимер лъугьунарезги.

Жалгъан абураб росулъ гьединго буго хирияблъун рикIкIунеб цо диният чи вукъараб бакIги. Гьеб Святой Григорисил хоб бугин абураб биценги буго (цо-цо мехалда, мекъи ккун, гьев релълъинавула Георгий Победоносецасда). Амма тарихчагIаз гьеб рикIкIуна кьучI гьечIеб, букIине рес гьечIеб жолъун. Гьез чIезабуна Святой Григорис хIакъикъаталда мажусияз Дагъистаналда чIван вукIин, Нюгди абураб росдада аскIов, Святой Григорисил килиса бугеб бакIалда, амма гьев вукъун вуго Нагорный Карабахалда Амарас абураб монастыралда.

***Гьеб Петровскияб рохь ккола Федералияб кIваралъул, культурияб ирсалъул объект, официалияб цIарги буго гьелда «Петровскияб рохьги иццги», - йилан.***

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**





# ЙОРЖУНАГО КУРКЬБАЛГИ РИЖУН…

ГІемерал соназ Англиялда гІумру гьабулей ГІайна Мамаевалъе «гІагараб ракь» абураб рагІи ккола гІемераб жо жанибе бачІунеблъун. Аслиябин абуни буго жийго гьаюраб ва гІураб ракьалдехун, гьелъул гІадамаздехун рокьи. РикІкІадаб улкаялде кканиги, гьелъ хІаракат бахъулеб буго лъайкьеялъул ишалъулъ нилъер хІакъалъулъ лъикІаб пикру бижизабизе. Гьелъул цІар лъала Англиялъул тІадегІанал рангалъул чиновниказдаги. НакІкІулаб Альбионалда гьей лъугьун йиго Россиялъул диаспоралъул гьумерлъун.

Жиндир заманалда Москваялъул полиграфическияб институтги лъугІизабун аспирантуралда толей йикІана ГІайна ва рес букІана гІалимчІужулъун яхъине. Амма цо къоялъ гьей гочине ккана лъималгун ва росгун (гьев ккола Афгъанистаналдаса, Москваялда цІалун полициялъул академия лъугІизабурав чи) ОАЭ – Дубаялде. Гьеб заманалда ГІайнаца, эбелалъулги кумекалдалъун, Дубаялда рагьана гІурус мацІалда лъимал цІализарулеб колледж ва гьениб билъанхъизабуна лъайкьеялъул советияб къагІида.

Колледжалда хІалтІулеб букІана педсовет, умумузул комитет, биччалеб букІана къадал газета, тІоритІулел рукІана линейкаби. Школа лъугІулелъул экзаменал кьолаан россиялъул специалистазул комиссиялъе ва гьезие щолаан ватІаналъулаб аттестат.

Гьелдаго цадахъ ГІайнаца рагьана лъималазул ясли-ахги. Гьенире росулаан, россиялъул гурелги, гІарабазул ва ингилисазул лъимал. Кинабго лъикІ букІана, амма доб заманалда Эмиратазда къватІисел улкабазул гІадамазе гражданство кьолеб букІинчІо ва гьелда бан хъизан гочизе ккана Лондоналде.

Бигьаяб гуреб букІана гьеб заман. Амма ГІайнада аскІой кидаго йикІана божарай кумекчІужу, эбел. Гьей хьвадулаан рикІкІадаб Англиялде ва щвезабулаан ясалъе гьениб гІурус школа рагьиялъе

**Гьей гIемерай дандчIвазе бегьула гIагараб шагьаралъул къватIахъ. Гьелъул ригьалъул гIадамал кирениги гIедегIизе ккоиарилан абуни гьей гIажаиблъула, хIалтIул графикги кидаго цIун букIуна. ГIемерал сонаца магIишатазда хIалтIарай инженер, университеталда дарсал кьурай гIадан гурейги, гьей гьитIингоялдаса йикIана гIадлуялъе мутIигIайлъун. Жийго гIадинай гIезаюна гьелъ жиндирго, дунялалъул цогидаб рагIалалда гIурус школаги рагьун, гьениб лъай кьеялъул советияб къагIида хIалтIизабизе бажари гIурай, яс ГIайнаги. Нина ГIабидовна абуни ясалъе ккана цадахъ хIалтIулей гурейги, кийго ятулей кумекчIужулъунги.**



къваригIараб щинаб. Жийго Нина ГIабидовналъ гьадин ракIалде щвезабуна доб заман:

- Великобританиялде рачIине байбихьана Дубаялдаса гIемерал гIурус мацIалъулал эмигрантал, гьелги лъугьана нижго гIадин, гIурус мацIалъул школал ралагьизе, гьениб советияб къагIидаялъ лъай щвезе мурадалда. ГIайнаца лъазабизе ккана компьютеразул хIалтIи ва гьединго ингилис мацI. ГIицIго цо Лондоналда бугеб лъабнусазаргоялдаса цIикIкIун гIурус мацIалъулазе «гIурус школал» чара гьечIого къваригIун рукIана. ГIайнада гьеб хIажалъи букIин бихьана жиндирго лъимер кьезе школа балагьулаго. Гьеб мехалда гьей жийго хIалтIизе лъугьана ингилисазул школалде, къваригIун букIана европаялъулаб школалъул гIуцIи жанисан балагьун лъазабизе. Гьелъул кидагосеб анищ букIана нилъер заманалъул тIалабазда рекъон кколеб школа рагьи. Гьеб заманалда дица ватIаналде гIемерал «командировкаби» гьаричIелани, гьелъие цIакъго захIмалъизеги букIана. Дун хIажатайлъун ккана Дагъистаналдаги Лондоналдаги гьоркьоб бухьен гьабизе.

«Знание» абураб гIурус мацIалъул гIодобкъоялъулаб школа ГIайнаца рагьана 2003 соналъ Лондоналъул Илинге районалда. Байбихьуда цебе лъураб масъалаги букIана лъималазда гIурус мацI ва цогидал предметал гъваридго малъи. Гьелъухъ босулеб мухьги дагьалдаса бихьизабун букIана, мискинал лъималазухъа щибниги босулароан. Байбихьана ингилис ва гIурус мацI лъалел мугIалимал ралагьизе. Дица Лондоналде битIана цIалул тIахьазул, литератураялъул, методичкабазул I30 посылка – ян бицана Нина ГIабидовналъ. – Байбихьуда «Знание» школалде бачIунаан 20 лъимер, лъагIалил ахиралде гьезул гIуна 65.

Хадуб хIажалъи бижана гьединалго школал шагьаралъул цогидал бакIаздаги рагьиялъул. Гьединал школазде хьвадизе лъугьана гIицIго гIурусал гурелги жалго англичанал, африканцал, немцал, китайцал, литовцал. Илингалъул мэрас чанцIулго вачIун халги гьабуна школалъул ва, гьелъул бугеб кIварги бихьун, муниципалияблъунги гьабуна. ЦIалул кьучI гIатIилъизе лъугьана ва гьелда рекъон рагьизе кIвана школалда цересел, байбихьулал ва чIахIиял лъималазул отделениял. Школалда малъизе чара гьечIеллъун кколел «ГIурус мацI», «Литература» ва «Математикалде» тIаде малъизе байбихьана искусство, музыка, кьурди. Гьедин школа бачIана щуго къоялъ хIалтIиялде. Гьенибго рагьана руччабазул клуб, умумузул клуб, медицинаялъул консультация, психологиялъулаб кумекалъул кабинет. Жийго ГIайнае щвана тIадегIанаб квалификациялъул аттестат. Доб заманалда Англиялъул гIурус мацIалда рахъулел газетаздаса гьеб школалъул хIакъалъулъ макъалабиги камулел рукIинчIо. Киданиги цебехун букIинчIеб ишлъун ккана киназего гьеб. Рес буго гьениб гIурус мацIалда экзаменги кьун лъаялъул A-Levet даража щвезеги.

Англиялъул лъай кьеялъул министр, лорд Эндрюс Адонисица жинцаго кьуна гьеб школалъ тIоцере къватIире риччаразе сертификатал. Гьелъги бихьизабуна жибго школалъул ва гьединго гIурус мацI лъикI лъазабиялъул халкъазда гьоркьосеб бухьеналъе бугеб кIварги.

ГьабсагIат Лондоналда буго гьеб школалъул щуго филиал. Гьедин хIалтIулеб буго ГIайна Мамаевалъ нухмалъи гьабулеб офис ва цадахъ хIалтIулел щинал хIайранлъун рукIуна гьелъул жигаралда, мурадалде

щвезе къеркьезе бажариялда, жинда сверухъ лъикIаб ахIвал-хIал гIуцIизе лъаялда. Гьелъул хъизаналда кидаго гьедин букIана. ГIайнал аслияй насихIатчIужу, эбел Нина ГIабидовналъул мурад букIана яс западалда гIурус мацIалда лъай кьеялъул цеехъан ва хIаракатайлъун яхъи. Гьей мурадалде щвана.

Лондоналда гIумру гьабизе ячIиндал букIарабщинаб ракIалде щвезабун, елъула ГIайна. Гьелъ абула, хадуб ккараб, гIемерисеб жиндие балъгояблъун букIанила. Амма гьелъ цебе лъун буго мурал ва гьеб гIумруялде бахъинабиялда тIад хIалтIун йиго. Гьебги бугила байбихьи…

ГIайна Мамаевалъ нухмалъи гьабулеб буго Англиялда ва цогидалги улкабазда гIумру гьабулел улкацоязул ишал данде ккезариялъул Советалъе. Жиндир заманалда гьеб Совет гIуцIиялъул рахъ ккун буго РФялъул Англиялда бугеб посолствоялъ. Гьеб Совет гIуцIиялъ гIурусазе рес кьолеб буго жал гIагараб, тарихияб улкаялъул бутIалъун рукIине, бухьен кквезе, культура ва гIадатал цIунизе.

ГIайна Шарифида абизе бегьила гIурусай англичанайилан. Гьелъ къабул гьаруна гIумру гьабун йигеб улкаялъул законги гIадлуги, хIурмат гьабула гьеб халкъалъулги.

– Гьаб пачалихъалда бищунго аслияб жолъун буго цо хIал кквей, - илан абуна гьелъ. Гьанир гIадамал хIинкъуларо щиб букIаниги цIияб иш байбихьизе. Кутакалда гIатIидаб буго гурхIел-рахIмуялъулаб кумек, хасал гIадамазул бизнесалъул кумек.

Нина ГIабидовналъ бицухъе, ГIайна Мамаевалъе гIурус школал, кинаб бакIалда гьел рагьаниги, хIалтIизариялъе аккредитация кьун буго ва гьединаб ахIвал-хIалалъ рес кьуна гIурус мацI гIатIидго хIалтIизабизеги лъай кьеялъул даража борхизабизеги.

ГIайна Мамаева чIорогоял хьулазул гIадан гуро. Гьелда лъала жинца гьабулеб ишги, гьелъул бугеб кIварги. Британиялъул лъайкьеялъулаб Комитеталда цадахъ лъугьун хIадур гьабураб программаялда рекъон, гьелъие ихтияр щвана гIурус мацIалъул экзамен къватIисеб мацIалъул гIадин босизе ва Англиялъул вузазде лъугьунеб мехалдаги гьеб рикIкIине. Гьединго ГIайна Мамаева гIемерай щола Англиялда бугеб Россиялъул посольствоялде. Гьей ккола къватIисел улкабазда гIурус школал хIалтIизариялъулаб концепция хIадур гьабиялъул хIаракатчIужулъунги.

– Халкъазда гьоркьосеб лъайкьеялъул фонд киназего рагьараб буго ва къватIисел улкабазда гIурус школал хIалтIизариялъеги гьелъул кумек щвезе бегьула, – ян абуна ГIайнаца. Гьединаб ресалдаса пайда босиялъул мисалъунги букIине бегьула Россиялъул хIаракатчилъи.



Нилъер ракьцоялъ бихьизабулеб буго къватIисел улкабазда бугеб диаспоралъул ихтиярал гIатIид гьариялъул лъикIаб мисал. Гьелъ гьениб рагIизе ва лъазе гьабулеб буго нилъер культураги, мацIги, гIадаталги. Ракълилай посол ГIайна Мамаевалъ гьабулеб кIудияб ишалъул бугеб кIвар киназдаго бичIчIула. Жакъа нилъер улкабазул гьоркьоблъи абизегIан лъикIаб гьечIониги, гьелда лъалеб буго ахир-къадги пачалихъабазул политика чиновниказ гуреб, гIадамаз гьабулеблъи. Гьелъие гIицIго цоцахъе квер бегьизе ккола…

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**

# СУЛЬГИЯ ХІАЖИЕВА



Исана декабраль 75 сон бала машгьурай, халкъиял кучІдул ахIулей, гIажаибго берцинаб гьаракь бугей кочIохъан Сульгия ХIажиевалъ. Гьелъул хIакъалъулъ нижер журналалъ хъван букIана I996 соналъул декабралъул номералдаги. Долдаса хадуб ана лъебергогIан сон. Гьеб заманалда хисана гIумруги, гIуна гIемерал цIиял кочIохъаби, кIудиял гIуна гьелъул лъималги.

Киналлъун Сульгияда рихьулел ругел долдаса хадур арал сонал? Щиб гьелъ лъикIаблъун рикIкIунеб ва сундаса ракI бухIун бугеб? Гьеб киналъулго хIакъалъулъ хIадур гьарун рукIана нижецаги Сульгия Рзаевналъе ва гьелда сверухъ ругел гIадамазе кьезе суалал. Жавабалги ниж разиял ккана.

Сульгия гьаюна Азербайджаналъул Кусар районалда, векьарухъан – ахихъанасул хъизаналда. ЦIалана школа – интернаталда ва кечIги ахIулаан гьитIингоялдаса. Гьей цохIоги гуро йикIарай хъизаналда кечI ахIулей. КIудияй яцалъги лъикI ахIулаан. Гьез кIиязго цадахъги ахIулаан гIемер рокъоб гьалбадериеги, вечераздаги, данделъабаздаги. Берцинаб гьаркьида ахIулел гьелъул халкъиял кучIдул киназего къабуллъулаан ва байбихьана дое гьание ахIизе, вокалиял конкурсазда гIахьаллъизе. Гьунар загьирлъидал, I4 сон барай кочIохъаналъ байбихьана чIахIиял конкурсаздаги, Бакуялде ун фестивалаздаги гIахьаллъизе ва гьенир цересел бакIал ккведе.

Сульгияца кидаго кIвар кьолеб букIана жиндирго гьаркьиде. Гьелда лъалаан берцинаб гьаракь тIасан щвараб гьунар букIинги, гьеб цIунизе кколеблъиги, бахчун тезе бегьулареблъиги. Аллагьас дуе сундуениги бажари – гьунар кьун батани, гьеб тIубараб къуваталда хIалтIизабизе ва цебетIезабизе кколин божарай кочIохъаналъ, гьитIингоялдаса жиндирго гьунар бажарараб хIалалъ бикьана гIадамазе.

Абизе бегьуларо гьелъул къисмат цIакъго бигьаяб букIаниланги, гьелда гIемерал дандчIвана квал - квалалги, рукIана цере хIатIал лъолелги, амма къуват гIуна киналго квекIеналги къезарун хьвадизе.

I992 соналъ ракIалда гьечIеб балагьалдалъун хвана гьелъул вас ва гьеб букIана гьелъул гIумруялда жаниб бищунго кIудияб къварилъи. Гьелда ракIалде кколеб букIана жиндир гIумру лъугIанин. КIиго соналъ рокъоса къватIиецин яхъинчIо. Амма камичIо кумекалъе ратулелги. Гьединаллъун ккана Маинаги Фатимаги ва гьез бикьана гьалмагъалъул ургъел, кьуна гьелъие къуват. Гьезул гIумруялдаги рукIана къварилъаби. Гьединлъидал бажарана Сульгияда жидерго хIал бичIчIизабизе. Гьелдаги гьел рагIана ва гIумруялде тIадюссана, сценаялде яхъана…

Лъил кучIдулин ахIизе рокьулел абун гьикъидал Сульгияца абуна: жиндие къабулал шагIирзаби гIемерал ругила, гьел кколила ГIабдул Фатахов, Эмирбег Чепиев, Фейзудин Нагиев, Шихнесир Капланов, Сажидин СагIидхIасанов, Шах-Эмир Мурадов, гьединго композиторалги Асеф Мехман,


ДАГЪУСТАНДИН
ДИШЕГЬЛИ
N 4 - 96

МухIамад ХIусенов, Падишагь Киберов. Сульгияца бицана гIемерисел кучIдузе макънал жинцагоги ургъанилан ва бищунго жиндиеги ахIизе рокьулел гIенеккарацаги лъикI къабул гьарулел кучIдул рукIанила ва ругила халкъиял. Церегосел, ахакьги, хурзабахъги, халича бессулезги, хер бецулезги, кини кIибикIулелъулги, квен гьабулелъулги ахIулел рукIарал кучIдул гIадин гIадамазул рекIелъе рортулел ратуларилан абуна гьелъ. Гьел кучIдузулъ бугила щобазул гьогьенги, гьорол бакъанги, тIогьол махIалги, лъаразул гIоразул чвахиялъул гьаракьги, гIолилазул рокьул цIураб каранзул хIухьелги, харабазул гIакълуги, гIумруялъул дарсалги. Халкъиял кучIдузулъ бугила рагIа-ракьан лъалареб гIатIилъиги, тIину бихьулареб гъварилъиги, кутакаб гIакъиллъиги, гIемераб пасихIлъиги. «Халкъияб кечI ккола лезгиназул кучIдузул кьучI, – ан абуна Сульгияца. – Гьеб кIочене биччай букIина кIудияб мунагь»!

Гьелъ гьел гIемерал ахIана ва киналго ахIарал кучIдулги макъналги ракIалдаги чIолел руго. Жакъасел лезгиязул кочIохъабазул хIакъалъулъ гьикъидал, Сульгияца рехсана Алия ва ракIбухIиги бахчичIого абуна: «ГIемерал руго лъикIал кочIохъаби гьанже. Цоязул вокал буго цIакъаб, цогидазул макъан буго лъикIаб. Амма Алия йикIана тIуянго батIияй. Гьелъ ракIалъ ахIулаан… Пайда щиб, гьанже гьей рагIуларелъул».

Сульгия йиго кутакалда Аллагьасда божулей гIадан. Гьелъ абуна инсанасул гIумру цебеккунго гьесие хъвараб къадаралда рекъараб букIунила. Кин гьеб къабул гьабизе бугебали бугила чиясла бараб жо. Гьанже гьелъ абулеб буго: «ГIумруялда къварилъаби камичIониги, захIмалъаби кканиги, дун къисматалъе мутIигIай йиго ва баркалаги кьола дие кьураб гьунаралъухъ. Гьединго баркала дие щварал «Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъай хIаракатчIужу» ва «Дагъистаналъул Халкъияй артистка» абурал цIаразухъги. Баркала буго дир хIакъалъулъ «КечI ахIулеб буго Сульгияца» абураб тIехь хъварав Нариман Ибрагьимовасе. Бищунго кIудияб баркала буго дир кечI къабулал щинал гIадамазе. БукIине те гьезул кинабго рекъон, таги гьел сахго, хутIаги ракълида ва рохалида».

Сульгия ХIажиевалъул букIана лъабго лъимер – яс ва кIиго вас.

- ГIабдурахIман лъелъ гъанкъана, хутIана ГIамирханги Заминаги, – ян къваридго бицана гьелъ. – ГIамирханица жиндир ясалъе кьуна дир цIар, гьанже дир гIумру гьелъулъ букIина ва гьелдалъун халалъила. Дир яс Заминацаги кечI квеш ахIуларо. Дун талихIайлъунги йиго гьединаб хъизан букIиналъ, дир гьунаралъулги гIумруялъулги хадусеб букIине буго.

Жакъа гьелъул щугоял гIун руго лъималазул лъимал ва лъабгоял гьезулалги руго. Киназго ахIулеб буго кечIги…

Кидаго хабар дагьай ва гIемер цее йикIине бокьуларей гIадан йиго Сульгия ХIажиева. Гьединлъидал нижеца кIодоэбелалъул хIакъалъулъ бицеян гьарана гьелъул ясалъул яс Аминада.

- Дун ккола гьелъул лъималазул лъималазда гьоркьой бищунго кIудияй. Дица гIумруги гьелда цадахъ гьабулеб буго, дирго хъизангун. Гьелъ дие гьабулеб кумекалъул бицун хIалги кIвеларо. Жийго кIодолъун йигониги кIодоца дие кумек гьабула лъимал хьихьизеги, гьел цIализаризеги, тарбия кьезеги.

Квен гьабиялъул иш абуни гьелъ лъихъего биччаларо. Гьей ккола Кусар районалда кьалбал риччарай гIадан ва гьенисез киназго квен-тIех лъикI гьабула. ЛъидагIаги гьелда гIадин лъикI рокъоб квен гьабизе бажаруларо. Гьелъ абула жинца ракI бан, рокьигун гьабулила квен ва гьедин тIагIамабги лъугьунилан.

КIодоэбелалъ тIаде росула гIицIго гьираялда гьарулел, жийго йохизаюлел ишал – кечI ахIи, макънал хьвай, квен гьаби, тIегь-хер гIезаби, лъималгун ясанди. Гьелъие чIорогоял харбалги хайир гьечIел ишалги рокьуларо. МухIканлъиги чIванкъотIиги гьечIони гьелъ щибго гIадахъги босуларо. Абула цогидазул заманалда барахщуларев чиясдаса рикIкIадегIан рукIине ккولилан.

Нижер кIодо цудунго яхъуна, гьализабула чай, хIадурула квен. Жийго гIемерай кваналаро, киналго пихъаздаса цебе гьабула гIеч. ГIемерал сонал руго гьей къаси анлъго тIубаралдаса кваналарей.

ЙикIа-яхъиналъулъги якIа-яхарарай, ретIа-къаялъул рахъалъ къамартIай гьелъие рихараб буго тIаса ккараб бечелъиги ратIлил чIухIа-къулиги. ТIад ралел жалги гIемерал ва хирияй къабуллъуларо, хIатта телефонги «фонарик» гурони кодоб ккевчIо, кигIан нижеца абуниги хириябги бокьичIо.

Гьелъие хирияб буго рухIчIаголъи, хасго кутул. Бокьула тIабигIатги. Нижер рукъалда цебе гIемераб буго гьелъул хIаракаталдалъун гIезабураб гIурчинлъи. Чияде бачIараб къварилъи къабул гьабула жиндирго гIадин.

***КIодоэбелалъул хIакъалъулъ бицине бегьула сагIтацаги. ГIажаибаб гIамал-тIабигIаталъул ва кутакаб гьунаралъул, ракIги кверги гIатIидай гIадан йиго гьей! Аллагьасе рецц гьединай кIодоэбел нижее кьуралъухъ ва ниж гIезаризе, тарбия кьезе хирияй Сульгия кIодо чIаго, сахго таралъухъ!***

**Сульгият БУЛГАЕВА**



# Гьалеха унго-унгояб бергьенлъи!

Гьаб бигъараб гІомо дир гІумру буго,
Бичизе, чучизе кодоб босуге,
Гьелда рарал гарцІал дир магІу буго,
БитІизе гьабизе тІад квер бахъуге.

Жеги мергуялда кьурун букІаго,
Кьурун жемараб гьеб бартул шанкІлида,
Долъ дунялги сверун юргъа бачараб,
Дир гІумруялъул кун хадуб цІалаго.

Гьелда рарал кІичІал цоцалъан раккун,
Цоялъ цояб гъанкъун къвакІи бижараб,
Жиб-жибалда жанир чІинхалги гІунун,
ГІодиги угьдиги дихъе бачІараб.

*Фазу ГІАЛИЕВА*

ХІелкил гьудул гьечІев, гьорой кквел гьечІеб.

*Халкъияб кици*

Аллагьасул хІукмуялдалъун, дие щуго сон бугеб мехалъ хвана дир эмен. ХутІана хан гІадинай кІодоги хьвай-цІалиго гьечІей эбелги. Эмен рагъулаб хъулухъалда вугев чи вукІун, гьесул харжица хьихьарал чагІи рукІана ниж.Ункъо бесдал лъимерги, эбелги, кІодоги – анлъго бакъараб кІал хутІана, катица мацІ бахъараб гъадаро гІадин, рацІцІадго. КватІичІого рагъги байбихьана. Эбел ана больницаялде санитаркалъун хІалтІизе, кІодоэбелалде бегана рукъалъул хІалтІи. Ниж рукІана гьелъул кумекчагІилъун. Гьединлъидал батила, ниж гІуна хІалтІи бокьулел, кІвахІ лъаларел лъималлъун. Ниж лъабалго яцазда гьабизе лъалареб хІалтІи рокъоб букІинчІо:

«Радал рахъаразул кьегІер цІуяб», «Рогьалилъ гьабураб дугІа къабулаб», «Радал рахъаразул къоги халатаб бачІинги лъикІаб» - илан кІодоэбелалъ радалго рахъинарулаан ниж тІаде. Щиялъул букІана жинда тІадкъараб ишги. КІудияйилан бищунго гІемераб хІалтІи дида тІаде кколаан.

ТалихІалъ нижер букІана кІиго гІака: цо нижер, цо кІодол. Гьеб кІиябго бечІчІизе дие захІмалъулаан, килщал унтулаан. Гьединлъидал цояб дица бечІчІулаан, цояб – кІодоца. Хадуб дун унаан гІачиял рохьдолъе гъезе. Юссарайго, хасалоялде бухІизе жо букІине, къадада ракги чІвалаан,. Гьелдаса хадуб, хаселалъ боцІуе кваназе ратІи-хер букІине, ецаризе хуриеги унаан.

Нуцалалъ жаваб кьезе кколаан рукъалъул, азбаралъул ва рукъалда цебе бугеб къватІалъул рацІа-ракъиялъул. ГІанкІуязул рукІа-рахьинги гьелда тІад букІана. Гьел нижер гІезегІан рукІана. Цо хІелекоги букІана. Рогьалилъго азбаралдеги риччан, кванazарулаан гьел Нуцалалъ. Ханалги ракІарулаан. ГІанкІуялъул къвакъвай рагІигун, тирщун тІадеги яхъун, екерун унаан гьей хоноялда хадуй. «МалъгІанасеб хоно гьабунилан гІанкІуялъ дунялалдаго рагІизабула, тагьи гьабуниги чоца цо угьилан абуларо», - йилан гьимулаан кІодоэбел.

Цоги Нуцалалда тІад букІана угьари. Эбелалъ шалазда симис балаан, гІемерал рукІунаан гьелъул заказал, Нуцалалъ гьезул ункъабго бокІоналда тІугьдул угьулаан. Росдацаго бицунаан Нуцалалъул гьитІинал кверазда бугеб махщалил.

Бищун гьитІинай Шагьзанатилги рукІана гьаризе кколел ишал. КІодол мерго цІедал, гьелъ кунал гІомо гьабизе кколаан. Эбелалъе кумекги гьабизе кколан: гьелъ шалалда симис балаго, цо-цоккун чиллайдал кун гьелъухъе кьолаан.

Гьел къасисел хІалтІаби эбелалъ байбихьулаан дирги Нуцалалъулги дарсал хІадурун рахъиндал. Эбелалъ цІакъ кІвар кьолаан нижер цІали-къалиялде. Къаси мехалъ дун хьухьарулаан. Лъалебани нужеда дица хьухьанщинаб жо! Дир яцалги дунги, киналго рукІунаан дица хьухьараб ретІелги ретІун: жакетал, свитерал, щватаби, квердахелал, кІазал… Эбелалъ гьеб кинабго берци-берцинал кьераз бельунаан. Доб заманаялъ аптекалда рукІунаан багІараб стрептоцид,

акрихинилан дараби – гьанже рукIунаро. Эбелалъ гьел дарабиги росун, кьер-кьерал гьарун рукIунаан дир «искусствоялъул произведениял», нижги кидаго къачI-кIатIан рукIунаан.

Цогидазда гIадин ракъиги бихьичIо нижеда. Цо гIакдал рахь эбелалъ больницаялда чадихъ хисулаан, цогидаб гIакдал рахьдал нисуги бахъулаан, нахги букIунаан, ридиги гIадада хвезе толароан. Щибаб къойил цо-цо хоноги кьолаан нижее, чанги ханилъ хинкIалги гьарулаан.

Гьедин рагъул соназ ниж гIачиязги гIанкIуязги хвасар гьаруна. ЦIакъ берцинаб хIелеко букIана нижер, кIудияб багIараб тIеметIиги бугеб. РакIалда буго, каранда хIулаби рукIана хъахIал, чIахIиял кваркьабазда багIарккаралги меседил кьералги. ГIанкIуязул рокъоса хIелеко бищун цебе бачIунаан къватIибе ва ахирисеб гIанкIу къватIибе лъугьинегIан кIалтIа чIолаан. Къаси бищун цебе жанибеги унаан. ТIубараб къоялъ гьел гIункIуязда хъаравуллъун букIунаан гьеб.

Цо къоялъ байбихьана гъалмагъар. Нижедаги мадугьал Издагил рукъалдаги гьоркьоб букIана борхатаб ганчIил къед. Гьенибе тIадеги боржун Издагил хIелеко лъугьана гIегIедизе. Нижералъе гьеб рекIее гIечIо ва куркьбал кьабезаризе лъугьана. ГIегIедун бахъарабго рокъобе Издагил хIелекоги ана. Хадусеб къоялъги гьабуна гьелъ гьебго жо. Лъабабилеб къоялъ гьеб ничгьечI боржун бачIана нижер азбаралъубе ва нижер гIанкIуязда сверун лъугьана. Нижералъул сабру тIагIана. РечIчIана тушманасда тIад ва алхIам цIалилалде нижер азбар хIулабазул цIуна.

- ДахIабаба, долъ нилъер хIелеко чIвала, щиб букIаниги гьабе, - йилан гIодизе лъугьана дун.

- Рагъунилан холел жал рукIунаро хIелкал. Биччанте! НекIого заман щун букIана гьеб ничгьечIида жиндирго бакI бихьизабизе, - йилан абуна кIодоца.

Гьеб заманаялъ хIелкал жеги рагъилел рукIана, гIанкIуялги рукIана хIинкъадго доре-гьанире рекерахъдилел. КигIан заманаялъ гьел рагъаралали лъаларо, амма чияралъул рухI лъугIана. Нижерабин абуни, ахирисеб рухIги бакIарун, гьелъул мугъзадеги кIанцIун, бугеб-гьечIеб гьаракьалъ гIегIедизе лъугьана. АскIор ругел росабалъецин рагIун батизе бегьула.

Рекъдилаго, хадуб бехъерхъун кваркьигун ахIичIеб гьоболалъ рокъобехун нух босана. Гьелда хадуйги ялагьун кIодоца «Я Аллагь, гьадин лъугIагиха киналго ахIичIого рачIарал тушбабазе рагъал. Амин, амин, амин!», - илан дугIа гьабуна. Нуцалалъ «Гьале доб унго-унгояб бергьенлъи!» - йилан ахIана.

**Фазу ГІАЛИЕВА**





# БУРЛИЯТ ИБРАГЬИМОВАЛЪУЛ БРИЛЛИАНТАЛЪУЛ КУНЧIИ

**Гьай машгьурай кочIохъаналъул хIакъалъулъ гIемераб бицана ва хъвана. Амма руго гьелъул гIумруялъул жеги рагьичIел ва гьунар-цIаралъул кIодолъи бихьизабизе, гIадан хIисабалда гьей жеги лъикI рагьиялъе ратулел гьурмалги.**

**КЪИМАТАБ ГАНЧIИЛ КЪАЧIАЙ**

Бурлият Акашимовна (Канаева) Ибрагимовалъ тIубараб эпоха цебе чIезабунилан абуниги гьереси букIинаро. Араб гIасруялъул 50 сонazда Дагъистаналъул культураялъул цIвалъун йикIарай гьелъ, лъабкъоялда анцIго соналъ жиндир гьунаралдалъун рохизаруна гIадамал. ГьитIинаб къоялдаса байбихьун, ахираб хIухьел цIазегIан гьей йикIана унгояй артисткалъун.

КIудияб къадруялде яхарай, дагъистаниязе кутакалда хирияй ва киназго хIурмат гьабулей Бурлият Ибрагьимовалъул гIумру букIана бигьаябилан абизе бегьулареб. ГIемерал рихьана гьелда къварилъабиги камиялги. Амма гьелъ жиндир рекIел хIал гIадамазда бихьизабичIо, гьурмада гьими камун къанагIатги йикIинчIо.

Щуго сон бараб мехалъго щвезабун буго къисматалъ гьелда тIоцебесеб къаби: эбел – эменги ратIалъун гьей хутIун йиго цин цояй, хадуй цогидай бесдалулбуз хьихьун. Гьелъул эмен вукIана лъарагIазул театралъул актерлъун, режиссерлъун. I2 сон бараб мехалъ ккун йиго Бурлиятги гьеб коллективалде гьоркьое ва бижун буго театралде рокьи.

Доб заманалда инсул рахъалъ гьелъул гIагарлъиялъул чагIи рукIана Дагъистан тун къватIирги машгьурал – Барият Мурадова, Саният Мурадова, Татам Мурадов.

ГьитIинай артисталъул бакъназул рахъалъ батараб гьунаралъе лъикIаб къимат кьолаан театралъул коллективалъ. ГIемерай тIамулаан гьей спектакль байбихьилалде цебе кечI ахIизе ва камулароан цохIо гьелъухъ гIенекизелъун театралде рачIунелги.

Киназдаго лъала I940 соналъ, Москваялъул Кремлялъул кIалгIаялда жаниб тIобитIараб Дагъистаналъул искусствоялъул декадаялда Бурлиятил кечIалъе кьураб кIудияб къимат. Гьенир цебесеб кьерда гIодор чIчIун рукIана СССРалъул политбюроялъул ва хIукуматалъул вакилзаби, гьезда гьоркьов Иосиф Сталинги. Гьелъ кечI ахIун хадур киналго гьел тIаде рахъана ва халатбахъараб хъат чIвана. Сталин вахана сценаялде тIаде, салам гьабуна декадалъул киналго гIахьалчагIазе ва гьес Бурлиятил рукьалда бана тIад цIар хъвараб меседил сагIат.

Бурлият цее яхъуней йикIана захIматчагIазул клубазда, роолал эстрадабазда… Театралда хIалтIун гьелъие рес ккана лъидаго ячIого гIумру гьабизеги, жиндир тIабигIиял гьунарал рагьизеги, гьел церетIезаризеги, кIудияй артисткалъун яхъинеги. Гьелъул цIар меседилал хIарпаз хъван буго дагъистаналъул культураялъул тарихалда.

Гьей цІакъго машгъурлъана I950 сональ Гостелерадиоялъул хоралде хІалтІизе лъугьиндал. Гьений гьей йикІана солисткалъун. I8 сон барай гІолохъанай кочІохъан цее яхъунаан цІаррагІарал кочІохъаби РахІимат ХІажиевагун, Разият Бабаевагун, Сайгид – Салим Джамалудиновгун. I959 сональ гьелъие кьуна «ДАССРалъул мустахІикъай артистка» абураб хІурматияб цІар. Гьеб заманалде Бурлият рос-рукъалде юссун йикІана. Инсуца гьей I5 сон бараб мехалъго кьуна росасе. I7 сон бараб ригьалда гьелъие гьавун вукІана вас, хадур жеги кІиго ясги.

Лъимал эбелалъул нухдасан инчІо. Гьелъие абуни бокьун букІана жиндирго гьунар ирсалъе кьезе. Амма ракІалдаго гьечІого цоги ясги гІезайизе ккана Бурлиятица ва гьей ккола машгъурай кочІохъан, Дагъистаналъул мустахІикъай артистка Хадижат Ибрагьимова. Школа лъугІидал гьей лъикІаб гьаракь бугей кочІохъан ячІана Гьаякенталъул музыкалияб училищеялде лъугьине.

- Вокалалъул мугІалим Земфира ХІасанбековна Хирматоваль дун йитІана лъикІай вокалисткаялъухъе рокъое, экзамен кьеялъе ахІулеб кечІалъе гьаракь лъезе ругьунлъизе. Дида лъалеб букІинчІо лъихъе гьелъ дун йитІулей йигеяли. Бурлият Акашимовнаь дие нуцІа рагьана гьурмада хинаб ва жиндие хасиятаб гьимигун. Дун абуни, лъихъе ккарайлъиги бичІчІун, палгъан хутІана... Берцинго ретІа-къанги йикІана гьей ва дида ракІалде ккана артистка киениги хІалакун ятилин. ЯтичІо, хадуб лъана гьей рокъойги гьедин къамартІго йикІунейлъи.

Хадижатихъги гІенеккун, дагъистаналъул эстрадаялъул Примадонналъ чанго гІунгутІи бихьизабуна ва кІиабизеги гІенеккидал рецц-бакъги гьабуна. ГІолилаль малълъараб бигьаго босулеб батана. Гьедин Бурлиятие ячІинахъего къабуллъана гьаракьги берцинай, бералги чалухай, артисткалъун яхъине хІадурай гІолилай, гьелда гьелъулъ йихьана жийго.

ГІолилай къаси общежитиялде ине кколейлъи бичІчІидал Бурлиятица абуна, жалгун гІумру гьабун чІаян, бичІчІизабуна росги жийги гурони, цоги чи къавулъ гьечІолъи, бакІги гІатІидаб букІин. Хадуй Бурлият Ибрагьимова ана Хадижатил эбел-инсухъе ва гьелги разилъизаруна яс жинда аскІой тезе. Гьедин ккана Хадижат Бурлиятил хъизаналъул ихтияр бащадай членлъун. КъанагІатал сардаз, эбел Белла (гьедин абулаан Хадижатица Бурлиятида) рокьой йигеб заманалда, гьез тІоритІулаан концертал, мастер – классал. Аккордионалда, гитараялда яги фортепианоялда, цоцазе рачунаан иргаялда макъанал. Яс хехго ругьунлъана цІияб хъизаналде, гьезул жидерго лъимал – Наида, Изрек ва Мурадилгун лъикІ мацІги рекъана.

Хадижат Ибрагьимова жиндир лъазаюрай эбел Белладa аскІой ахираб къоялде щвезегІан йикІана.

* * *

Машгъурлъиялъул завалалда йикІаго Ибрагьимовазул рокъоб талихІкъараб иш ккана. Вас, Афгъанистаналда рагъулаб хъулухъ гьабун вуссарав МВДялъул полковник, циндаго унтана ва къокъидго хвана. Хадувго хвана Бурлиятил росги. Жийго Бурлият хвелалде цее дунялги тун ана гьелъул эбелги кІудияй ясги. Ясалъул хвелаль кутакалда тамахлъизаюна Бурлият Акашимовна.

Гьелде щвезегІан Бурлиятил жигарчилъиги хун букІинчІо. Гьелъ гІахьаллъи гьабулеб букІана киналго тадбиразда, рокъоса чагІиги камулароан. Гьелъул лъабго рукъалъул квартира кидаго гостиница гІадин букІунаан. НуцІихъан гордухъе щвезегІан гьабураб халатаб диванги, кІудияб ва кидаго тІибитІараб столги батулаан гьелъухъе щваразда. ГІемерал щолаан цадахъ хІалтІарал, лъалел-хъвалел ва сордо инегІанги рукІунаан гьенир. РакІгІатІидай ва гІамал берцинай гьей гьездаса йохун йикІунаан.

Гьалмагъзаби ва гьезул кумек букІинчІебани, Бурлиятида гьелгощинал камиял ва къварилъаби раччизеги бажаризе букІун батиларо. Чанги сардал – къоял рукІана къварилъиялъ кверщел гьабурал. Амма гьединаб ахІвал-хІалалдаги, «хехаб кумек» тІаде щвеялъухъ балагьун ругеб мехалъгицин, берцинго ва къамартІго ретІа-къан йикІунаан гьей.

Хадижат Ибрагьимоваль ракІалде щвезабухъе, эбел Беллаца аскІор ругезда гьарулаан косметичка ва «хехаб кумек» тІаде щвелалде жийго хІадурулаан къватІие яхъине. ХІатта рокъор ретІунел халгІаталги рукІунаан гьелъул берциналги, багьаялги. Ахирисеб хІухьел цІазегІан унго-унгояй Халкъияй Артисткалъун йикІине бажарана Бурлият Ибрагьимовалда.

***2018 сональул 12 августалда, МахІачхъалаялда, 87 сонил гІумруялда къадаралде щвана советияб эстрадаялъул машгъурай кочІохъан, ДАССРалъул ва РСФСРалъул Халкъияй артистка Бурлият Ибрагьимова. Гьелъ гІумру гьабулеб букІараб рукъалъул къеда чІван буго мемориалияб хъарши ва гьей кидаго йикІина дагъистаниязул ракІалда.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**

**Тюрказул мацІалдаса буссинабун Бурлият абураб цІаралъул магІна ккола «бриллиант» ялъуни «кенчІолей» абураб. Бурлият Ибрагьимоваги йикІана гвангъарай артистка ва кочІохъан. Кинаб къагІидалда ралагьаниги гьелъул гьуна-ралъе тІадегІанаб къимат щола ва гьей ккола дагъистаналъул культураялъул къиматаб магІдан.**



# БукIине бегьула...

МукIурай йиго, гIайиб дидаго ккана. ЦIакъго вокьана, кутакалда хиралъана ва гьадин ккана. Диде щвезегIан гIемеразулги ккун букIун батила гьедин, амма чияр дарсал гIемераз гуро хIисабалде росулел.

БукIана рокьи. Дида ккола гьеб кIиязулагойилан. Хадуб абуни, ракIалдаго гьечIого Сабир кьурун вуссун чIана. Гьес абуна эбел – инсуца жиндие цогидай абунила ва дун ячине гьечIилан, жиндие эбел – эмен хирияв ругила ва гьезда данде чIчIезеги бажаруларилан. Гьеб ахIвал-хIалалда жив дида вичIчIизе ва тIаса лъугьинеги бокьилилан гьарана Сабирица. Хадув гIемераб мехалъ дида аскIов вукIана, щибдай дица абилаян. Гьесда ккун букIун батила дун гIода-чIвадилин, гIайиб-гъвелал гьаризе лъугьинин. Дун абуни цIоро-гьорон хутIана. ЛъугьинчIо гIодизеги ва гьаричIо дун рехун тогеян. ХIатта гIайибцин чIвачIо.

Щибха абизеги букIараб? Дие гьев хирияв вукIанин, гIумру кьезеги хIадурай йигинищ абилеб букIараб? Яги дун гьесда Аллагьасда гIадин божулей йикIаниланищ? Гьев лъазегIан дун гIанчIай щибго лъаларей жо йикIанин ва гьес дун гуккун ятаниланищ? Гьеб кинабго гьесда дица абичIониги лъалеб букIиндалха. Гьесда гьеб кинабго лъалаан.

Амма гьелъ кквезе вукIанищ дида аскIов гьев? ВукIинчIелъул. Цоцазе хирияллъун гьечIони гIадамал цадахъ чIчIоларелъул. КинабгIаги жавабчилъиялъги, хIатта ригьнаде руссун рукIаниги, рокьи гьоркьоб гьечIони, гьоркьоблъи цIунуларо.

Доб сордоялъ Сабирица абичIо дун жиндие йокьулариланги, гьединго жиндир ракIалъ цогидай йосун йигиланги. Кинабго базабуна эбел-инсуда.

Дие бокьун букIана чIичIидизе, ахIдезе, щайин гьеб киналъулго пикру цебеккунго гьабичIеб ва гьадин букIине бегьулилан дида лъазабичIеб абун гьикъизе. Гьесда лъалеб букIиндал нижер гьоркьоблъиялъул дие букIараб кIвар. Гьединго гьес бицун букIана жиндир гьалмагъ АхIмадица гьудуллъун ккурай ясалда бачIинахъего лъазабунила, кигIанго йокьулей йигониги, ячине данде ккезе гьечIолъи. Гьес абун буго гьединал суалал жинцаго тIураларин ва хIалихьалъи гьабизе бокьун гьечIин. Гьес бичIчIизабун буго ясалда заманалъул гьудуллъи гьабизе бокьилин, ригьнал хабар гьечIогоян. Гьейги разилъун йиго заманалъ рокьи гьабун гьевгун йикIине.

- Дуца гьев витIарав вугиланищха абилеб? – ян гьикъана дица доб мехалда Сабирида, гьесул хабаралда гIажаиблъун. Дида ракIалде кколеб букIиндал цоцазе рокьаралщинал кIигоял кидаго цолъулин ва цадахъ рукIунин, гьезие лъицаниги квал-квалги гьабуларин.

- Лъаларо витIарав вугищалиги.., - ян чIванкъотIи гьечIеб жаваб кьуна дие вокьулес доб къоялъ ва дида ракIалде ккана нижер гьоркьоблъи щулиябги божилъи бугебги букIиналан. Гуребани Сабирица жаваб гьабилаан гьедин ккезеги рес бугилан. Гьай-гьай, дун разилъизеги йикIинчIо цогидай ячине бегьулев чиясулгун гьудуллъи кквезе.

АхIмад дида лъикI лъалев вукIана ва ракIалде ккана гьес ясалда аскIоб гьабураб жо битIараб гьечIин, амма гьереси бицунгутIи лъикI бугин. Лъалаан дида гьесие Н.. гIемерго йокьулей йикIарайлъиги, гьев щакдарулевцин вукIунеблъиги. Амма ячине гьесие гьей течIо, эбел-инсуца цогидай йищана.

Сабирилги диде щвезегIанги ясал рукIана. Дол рукIана дидаса лъикI гIумру бичIчIулел ва таваккал гIурал. Гьел гьевгун унаан дискатеказдеги бараздеги, хадур гьесухъ рокъореги рачIунаан… Гьезул хIакъалъулъ гьес щибго квешаб рагIиги абулароан. Гьезул цоялъ жинцаго рехун тун вуго Сабир, ун йиго росасе ва гьесда гьей гIемераб заманаялъ рекIелъ къан йикIун йиго. КIиабилей гьес жинцаго тун йиго, гIамал данде ккечIого. Гьесул гьалмагъас бицун букIана дие дой цIакъго гогьдарулей ва рахIат толарей йикIанилан.

Сабирица тIоцебесеб нухалда жиндихъе рокъое ахIидал, дида гьеб бихьана хIакъир гьайилъун ва лъазабуна чияр васазухъе рокъое хьвади гIолилалда рекъоларин. Гьеб мехалда гьев дихъ гIажаибго валагьана ва гьикъана: «Унго гьединищха дуда кколеб?» - абун.

Гьедин доб сордоялъ ниж гьесухъеги инчIо, кафеялда рукIана, хадур тира-сверана. Хадурги жеги чанго анкьалъ гьединал дандчIваял рукIана. Ахирги гьес дун цо къоялъ рокъое ячана, эбелалъулгун лъай-хъвай гьабизе бокьун бугиланги абун. Гьелъги дун лъикI къабул гьаюна, амма бихьулеб букIана Сабирица дир хIакъалъулъ гьелда цебехун щибго бицун гьечIолъи. Дицаги Сабирида гьебго сордоялъ гьедин абуна, амма гьес махсароде буссинабуна: «Дуе гьелъул бугеб батIалъи щиб? Дуда бихьанагури эбел мун ячIиндал разилъарайлъи». Сабирил эбел диеги рекIее гIуна, лъикIай, ракIгIатIидай, нилъер заманалъул гIадан йигоан гьей.

Сабир эбел-эменгун вукIинчIо гIумру гьабун, гьев мадугьалихъ бугеб минаялъув вукIана ва дица гьесда гьикъана, щайин гьедин батIаго вугев абун.

- Къолоункъо сон барав чи батIаго вукIине бегьиларищха дун, - ян жаваб гьабуна гьес. – Гьезие бокьун букIинчIо дун батIа вахъине, амма дица лъазабуна, батIаго гIумру гьабизе рес кьечIони, квартираги ккун вахъине вугилан.

Лъаларо гьеб сордоялдаса нахъе щиб дида ракIалде ккарабали. Гьес эбелалъухъе рокъое ахIи дица къабул гьабуна, ячине къваригIарай гIадан хIисабалда лъай-хъвай гьабунин нижерилан. Сабирица абидалха гьелъие дунги рекIее гIунилан ва тIадеги жубана, церехуни жиндиргун гьалмагълъи ккурал ясал гьелъ къабул гьарулел рукIинчIиланги.

- Дир эбелги киназулго гIадинай йиго. Гьелъги ясазе къимат кьола бицунеб хабаралъухъ гIенеккун, йикIа-яхъиналъухъ балагьун. Гьеб абуни киназулго гуро къабулаб букIунеб. Мисалалъе, Лиана эбелалъ толаан тIаса-массагояй, ургъел гьечIей гIолилай йигилан. Щай гурелъул долъул цIакъго рагьараб букIана ретIелги, цIалулейги йикIинчIо. Эбелалъги гьей хIалароан, нижер ишазде гьоркьое къачIого чIаниги. Мун абуни, Дианка, гьелъие къабуллъана. Гьелъ дидаги лъазабуна: «Вореха, Сабир, ракI бакъвазабуге гьагъай ясалъул», - абун. Дицаги гьелъие рагIи кьуна дур хIурмат гьабизе, – ян дие харбал рекъезарулаго, Сабирида ракIалде ккун батила дун бокьараб бицаралда божулей тIадагьай гIадан йигилан.

Ниж дандчIвалаан, амма гьоркьоблъи букIана, гьес абухъе «пионеразул» гIадинаб. Гьес чанцIулго бака-бахъулеб букIана дида аскIов жинсияб гьоркьоблъи гьечIого вукIине захIмалъулеб бугилан. Дица абуни лъазабуна батани гьесухъе рокъоре инарин, гьенире щун хадур цо ракIбакъвай ккечIогоги хутIулел гьечIилан. Гьев барщулаан, дица хъвазе тунгутIиялда гIажаиблъулаан. Дун абуни йикIана согIаб тарбиялда куцарай, росасе инегIан бихьинчи хъвазе теларилан ракI чIчIарай гIолилай. Дие батIалъи букIинчIо, кигIан кутакаб рокьи ва хIасрат бугониги, дида лъалаан росасе инегIан ясгIаданлъун хутIизе кколейлъи. Цо нухалда Сабирица дида абуна, жиндир гьалмагъзабазе кеп щванила, микьго моцIалъ дандчIвалелги рукIун жив дида хъвачIилан рагIидал. Гьелде тIадеги дида лъалаан гьесул гьалмагъзабигун гьалмагълъи бугел ясалги. Гьел гIемериселъ васалгун гIумру гьабунги рукIана. Цояй гьей лъимаде ккана, кIиабилей бертаде хIадурлъулей йикIана. Гьел ясазул щибниги хIинкъиги букIинчIо. Гьезухъ балагьун дирги ккана таваккал…

Гьеб къоялдасаги Сабир хисичIо, дун квешго хIинкъун йикIараб цIоройги гьесул дидехун ккечIо. Ниж щибаб къоялъ гIадин дандчIвалел рукIана ва кидаго гьев дидехун рокьигун хIурматгун вукIунаан. Гьедин дида кIочон тана дицаго гьабураб мунагьги. Нижер эбел-инсудаги щибго лъалеб жо букIинчIо. Инсуда Сабирил хIакъалъулъ щибго лъалароан, эбелалда лъалаан дир гьалмагълъи лъикIаб хъизаналдаса васасулгун бугеблъи. Амма гьелда кколаан нижер гьоркьоблъи щибго хIинкъи гьечIеб бугилан. Байбихьуда гьей лъугьуней йикIана гIолилазда гьоркьоб гьудуллъи жинсияб гьоркьоблъи гьечIеб букIине кколеблъи бичIчIизабизе. Хадуб, заманалдасан гьелъ абуна: «Дур дурго бетIерги буго, гIантал жалги гьаруге. Дие дудасаги цIикIкIун ургъел нилъер ГIайшатил буго, Диана», - ян.

ГIайшат – дир гьитIинай яц, ичIабилеб классалда цIалулей, кидаго йикIана аваданай ва жигарай, кийго гIахьаллъулей, дискотеказда, концертазда камуларей, кидаго классгун ва гьалмагъзабигун йикIуней жо. Эбелалъул ракI рекъолароан гьелъул хьвада-чIвадиялда. Киданиги рокьи ккарав вас вукIинчIониги, гьелъ васаздаги жиндир гьалмагъин абулаан. Дун эбел – инсуда кколаан кутакалда гIадлуяй ясилан ва цогидазе мисалалъеги рехсолаан.

Дун хIинкъун йикIана эбелалда балъголъи лъазе гурилан. КидагIаги гьикъулеб букIинчIо гьалмагъасда: «Щибдай гьабилеб», - янги. Эбелалъ абуни цо-цо гьикъулаан дун гьаризе чагIи рачIунел гьечIищилан. Гьеб дица гьесдаги бакка-бахъулеб букIана, абулаан гьедин рачIунел чагIи камулел гьечIиланги,  гьеб гьересиги букIинчIо. Гьел ГIайшат абизеги хьвадизе байбихьун рукIана…

- Дуца яцалъе квал-квал гьабуге, духъ ялагьун гьай тIуяларо, дуе росасе ине заман щун буго, - ян кIалъазеги байбихьана цо-цо рокъор.

Эбелалда абуни ракIалдего кколеб букIинчIо дир гьединаб захIматаб хIал батилилан, гьединлъидал гьелда бичIчIулебги букIинчIо щай, лъагIалидасаги цIикIкIун заманалъ гIолилавгун гьалмагълъиялда йигей, дун абизе чагIи рачIунарелали.

Дида ракIалде кколаан, гьес дун доб жинсияб гьоркьоблъи лъугьун хадубги рехун течIин, гьес дир лъай-хъвай эбелалъулгунги гьабунин, щибаб къойил ахIулебги бугин, гьединлъидал йокьулейги ятилин, ячинчIогоги теларин. Амма битIахъе гьеб гьесда гьикъизе бажарулеб букIинчIо.

Хадуб абуни лъугьана доб унго-унгояб «гъугъай». Цо сордоялъ гьесухъ рокъорги рукIун гьес дун нуха регIана ва живго эбел-инсухъе ана. Абун букIана хадуб ахIилиланги. АхIичIо. Хадусеб къоялъ вачIана бадиве валагьизеги бажаруларого ва абуна, жиндие гьереси бицинеги бокьун гьечIила, эбел-эмен дун ячине разилъичIила, гьаб риидал жиндир бертинги букIине бугила, амма мун жинда кидаго кIочон тезе гьечIила.

ГIемераб мехалъ сихIтун рукIана кIиялго. Бажарулеб букIинчIо рагIи бахъизеги нахъе инеги. РатIалъана сабурго. МоцIидаса дида лъана ургьиб лъимер букIин. Гьеб лъарабго дун эбел-инсухъе екерана. Инсуца, аскIовеги вачIун, дир гьурмаде туна. Гьеб букIана кIудияб инжилъи.

Эбел чIчIун йикIана гьев хIалихьат тезе бегьуларин, ячине тIамизе кколилан, амма инсуца лъазабуна:

- Дида цебе жаваб кьезе ккола гIицIго дир ясалъ, досда щибго гIайиб гьечIо, - ян ва, нуцIаги рагьун, ахIдана рокъосан хазабейилан. Гьеб букIана кIватIараб гIуж, къватIиб букIана гьуриги цIадги.

Дун хIалица щвана кIодоэбелалъухъе. Гьей гIумру гьабун Каспийскаялъул рагIалда йикIана. КIодоца дун къабул гьаюна, амма тIад рекъечIо ва согIго абуна: - Дуца гьабураб щиб, талихIкъарай яс?! – илан.

Амма тIокIалъ гьеб хабар кIодоца дие гьабичIо, ругънаде цIам щвазе лъугьинчIо. Эбел-эмен чIун рукIана кIодоцаги дун къватIие гъезе кколилан. Амма гьелъ лъазабуна:

- Гьай дие чияр кколаро ва захIматаб хIалалда дун гьалъие кумекалъеги ятичIогоги гIоларо. Гьалъ гьабураб балагьалъулъ нилъерги буго гIайиб, – илан.

Дие цIакъ захIматго буго. Дагьалъ цее хIалица лъугьана хIалтIизе. Ункъо моцI буго лъимаде ккун. Лъица щиб бицаниги лъимер гьабизе буго дица. Дирго гIайибалдалъун рухI лъураб лъимер хвезабизе лъугьинаро, гьелъул къисмат дида бараб бугелъул.

Сабиридеги гIайиб гьабиларо. Нижер киданиги ккечIелъул ячина – теялъул хабар. Дирго гIадаллъи буго гIилла ва дица хIехьезе ккола тамихIги.

Цояз бицана Сабирица дун ялагьулей рагIулилан хабар. Гьес ахIун буго нижер рокъобегицин ва лъазабун буго жиндие дун йихьизе къваригIун бугилан. Эбелалъ гьесда абун буго инсуца дун ячахъанин. Гьанже дун ургъулей йиго – сундуедай? Жиндирго гIайиб бичIчIундай? Яги щиб букIаниги кIвар бугеб жо абизедай бокьун бугеб? Бокьун гьечIо сунданиги божизеги, лъаларо сундалъун гьаб къиса лъугIилебалиги, хIатта гьев дихье вуссаниги. Амма бокьараб ккезе бегьула...

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**



# «МИККИЛ РОХЬОСА» ХIУРУЛГIИН

**Щибаб тарихалъул букIуна жиндирго байбихьи. Щибаб кIудияб ишги байбихьула цо гьитIинаб яги кIудияб галиялдасан. Нилъеца бицинехъин бугеб хабаралъул героязул кIудияб ишги байбихьана гьединго. Гьезулги буго нус-нус гьелго гIадал хIалтIиги бокьулел, бокьараб ишги рагIалде бахъинабун бажарулел гIадамазул гIадаб тарих. Гьединал гIадамазул махщел буго  байбихьараб иш чIаго, гIатIид ва бечед гьабизе жалго гIадал «хIалтIуца унтарал» ищцоял данде гьаризеги, машгьуралльун лъугьинеги.**

ГIабдурахIмановазул хъизан 2015 сон щвезегIан парахат жидерго хIалтIиги гьабун, лъималги хьихьун, Дубкиялда гIумру гьабулел рукIана. Жеги Дагъистаналде туристазул чвахи байбихьилалдего, ГIабдурахIманов ГIусманил гьудул, гьанже машгьураб «Шангереев – тур» фирмаялъул бетIер, Шамил Шангереевас байбихьи лъун букIана мугIрузде туристазул къокъаби рачине. Цо нухалъ гьес ГIусманил чIужу Муслиматида абула (гьеса лъалаан Муслиматица гьалбал къабул гьарулеб куц): «Дица цадахъ вачIине вуго 15 чи. Дуца хехго гьезие гьабизе ккола нилъерго гьуинаб магIарул квен: хинкIал, гIурччинлъидул цIурачадал ва цогидабги. Гьалбал гIорцIизе ва квандаса разилъизе ккола!», ян. Туристал рачине ругеб бакIги бихьизабуна Шамилица: гьеб букIана гIажаибго берцинаб миккил рохьил рацIцIалъи, риидал гIурччинлъиги тIагIунареб, хасало гIазуги биунареб.

Муслиматида ракIалде ккана жиндирго гьалбал гIадин туристалги къабул гьаризе. ТIоцебесеб къокъа хIайран гьабуна Муслиматил гIаданлъиялъги, хинкIазги, цIурачадазги. Хадуб букIана кIиабилеб, цинги лъабабилеб… Гьедин, рекIеда ятилалде, хъизанги цадахъ бачун, Муслимат гъорлъе ккун ятана хIалтIуде.

Ана чанго сон. Гьанже гьеб рацIцIалъиялда буго берцинаб бацIцIадаб, чанго кваналеб бакIги жаниб бугеб, кофе гьекъезеги, кваназеги, гьанситоялда цере гIодор чIезеги санагIалъиги бугеб, кафе. ГIусманицаги Муслиматицаги чанго нухалъ такрар гьабуна, гьезул ишалъе къучI лъурав чи Шамил вугилан.

КватIичIого цIияб кафеги хIухьбахъулел рукъзалги разе ракIалда буго гьезда, лъугIулеб буго как балеб рукъги. ХIайранлъизе бачIуна гьеб хъизаналъухъ балагьун. Гьезул иш цебетIолеб буго. Амма гьезда жидедаго гурони лъаларо гьеб бергьенлъиялъул къимат. Эбел-эменгун цадахъ лъабабго лъимерги хIалтIулеб буго. КIияйго ясалъ квен гьабула, васас чуязда ва квадрациклазда

**Женщина Дагестана**
**4/2022**
**На аварском языке**
**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Дата выхода в свет 25.08.2022.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0701. Тираж (3105) 742 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложке:**
I – Марина Ахмедова-Колюбакина – народный поэт Дагестана.

туристал рачуна. Цо-цо мехалъ, гъалбазул гIемерлъиялъ, бакI гIоларогоцин букIуна, гъединлъидал, тIаде бакIал разе кколел руго. Квенги туристазе цо чIараб заманалда букIине ккола. Хъизан цоцалъ рекъараб букIиналъ, гъеб кинабго хIалтIи низамалда бачунеб буго.

ГIусманихъги Муслиматихъги балагьараб мехалъ бихьула гъезул цоцазде бугеб адабги, рекъонккейги, ракIазул бухьенги. ГIусман вуго калам дагьав, сабурав, къурул гIус гIадав бихьинчи. Муслимат йиго берцинай, гьимун гурони кIалъаларей, чвахун унеб мугIрул лъар гIадай магIарулай. Гъудулзабаз гьелда цIар лъун буго «Рохьил хIурулгIин» абун. Гьеб цIарги Муслиматида цIакъ рекъон буго. ВатIаналде бугеб рокьиги Дагъистаналъул тарихги гьез бикьулеб ва бицунеб буго жидерго лъималазда гуребги, рачIарал туристаздаги. Гьезул лъималаздаги лъала жалго гьарураб ва гIураб ракьалъул тарих, лъала гьезул умумулги, гурун гъуждулгун, хIалтIулел рукIаралльи, хIалтIуца гурони чи гьавулареблъиги.

Муслиматие цIакъ рокьула гьалбал. Цо-цо мехалъ гьей жийго гIодой чIола туристазул къокъаялда аскIой, жиндирго умумузул ва хъизаналъул тарихиял лъугьа-бахъиназул бицине. Бицуна гьелъ Дубки росдал тарихалъулги, ЧIикIаб электростанция баялъулги, гьеб базе рачIун рукIарал, дунялалдаго цIар рагIарал, инженеразулги. Бицуна гьелъ Дубкиялъул школа Союзалдаго лъикIаблъун рикIкIунеб букIараблъиги. Гьенир хIалтIулел рукIана машгьурал инженеразул руччаби, лъималазеги щулияб лъай щолеб букIана гьездасан. Бицуна гьелъ жидецаго «Миккил рохь» абураб цIар щай лъурабалиги, гьеб гIатIид ва гьарза гьабизе бахъулеб хIаракаталъулги. Амма бищунго Муслиматие аслияб жо буго тIаде рачIаразул къимат, гьезул разилъи.

Муслиматилгун хабаралда ниж рукIаго, гьелъул хъизаналъ гьалбадерида дандчIвай гьабулеб, столазда квен лъолеб, гьансито бакулеб, гьезда тIабигIат бихьизабулеб букIана. Гьеб буго гьезул ругьунаб хIалтIи. Гьениб гьекъезе бегьула тIагIамаб мугIрул хурдузул чай яги къвакIараб, машгьурав кофечи Закарьял, кофе! Гьенир бегьула тира-сверизе яги, чIван палаткагун, хIухьбахъиялда рукIине! Миккил рохьор кьижани, макьуялъги сах гьариларищ!

Елъулаго бицана Муслиматица тахшагьаралдаса ячIарай цо гIадан, палаткаги чIван, анкьица жийго йикIанилан. КIиго къоялъ кваназецин яхъинчIила. Ахирги, рахIатхварай Муслиматица, палаткаялде аскIоеги ун, хьагил тIалъалабмги цоцалъ кьабизарун, гьей йорчIизаюн йиго. Щибго жо бичIчIичIей гьобол къватIие кIанцIун ячIун йиго. Цинги, бичIчIараб мехалъ, елъун холаго абун буго, жий гьадин рахIаталда кидаго кьижун йикIинчIилан. ТIубараб анкьалъ кьижун, яхъун, тира - сверун йикIанила. Гьеб букIанила гьоболалъе бищунго лъикIаб хIалхьи.

- Хасало рачIунел туристазе нижер буго батIияб программа: гьанир хъещтIезе бегьула чанагъазда, резиналъул горазда. Хасало мугIрул цIакъго берцин рукIуна, гьеб берцинлъиялъухъ балагьизе рачIуна гIемерал туристал.

Ниж гьеб, туристазул «алжанин» абизе бегьулеб, бакIалъул бетIергьабигун хабаралда ругебгIан мехалъ, гьенир хисана чанго батIияб регионалдаса туристазул къокъаби. Бихьиназ - буртинаги тIагъурги лъун, руччабаз - чIохтIоги гормедоги къан, кодор гIертIалги ккун, рахъулел рукIана суратал. Киназего бокьун букIана «Миккил рохьалъулги» гьелъул бетIергьанчIужу «Рохьил хIурулгIин» Муслиматилги хIакъалъулъ ракIалдещвеял цадахъ росизе.

**Сулгият БУЛГАЕВА**







# Приезжайте в «Дубовую рощу»!







ИНДЕКС ПН023

6+

Цена свободная



4 651116 280082